ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№94 (23.908) ● 2019 гъэм шыщхьэІум (августым) и 8, махуэжь ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**2019 гъэм шыщхьэІум и 12-р щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхуки Э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Я фІэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужымыкІэ яІэ хуитныгъэмрэ дин зэгуныснымкІэ, я Іуэхуки Э» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тетуу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткІэ, Къурмэн хьид махуэшхуэм, 2019 гъэм шыщхьэІум и 11 - 13-хэм ягъэлъапІэм, теухуауэ **унафэ щІ**:

2019 гъэм шыщхьэІум и 12-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм шыщхьэІум и 8-м*
*№959-УГ*

# КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм щэнхабзэмрэ гъэзэджэмкІэ и Іуэхущ Іапі эхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ етыным теухуа зэІущІэ

**КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэкІуэкІащ КЪР-м и Іэтащхьэ и Администрацэм, республикэм и Правительствэм я унафэщхэм я зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ щэнхабзэмрэ гъэзэджэмкІэ Іуэхущ Іапі эхэм, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэрыратыр егъэфІэкІуэным, Іэнатіэм и инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэжыным.**

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, «ЩэнхабзэІ» пІэпкъ проектым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьащ «ЩэнхабзэІ и ІэнатІэр», «Творчествэм пыщІа цІыхухэр», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ щэнхабзэ» щІыналъэ проектхэр. Абыхэм япкъ иткІэ ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм 2024 гъэм нэсыху сом мелуан 528-м щІигъу трагъэкІуэдэнущ.

Мы зэманым республикэм и районхэм щэнхабзэмкІэ унэ зыбжанэ щІэуэ щаухъэ е щызэрагъэпэщыжь.

Апхуэдэ Іуэхущ Іапі эщІэкІэ дызэрыт илъэсым кІэриубыдэу къыщызэІуахынущ ХьэтІохъуащкъуей, Булунгу, Къарэсу, Старэ Щэрэдж къуажэхэм. Капитальнэ зэрагъэпэщыжьын яухынурэ лэжьэн щІадзэжьынущ Лэскэн ЕтІуанэм, Бзэнги дэт Щэнхабзэмкі Іэ унэхэм. 2021 гъэм хьэзыр хъунущ Нартан къуажэм дащІыхь зыгъэпсэхупІэ комплексыр.

Сабийхэм гъуазджэмкІэ я школхэр зыхуэй хуэгъэзэным теухуа лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр къыщагъэсэбэпу щІадзэ республикэм щэнхабзэмкІэ и Іэнатіэм. ЯгъэІэпхъуэ япэ щэнхабзэ центрыр республикэм къыІэрыхьэнущ дызыхьысэ бжьыхьэм кІэриубыдэу. Псори зэхэту апхуэдэ Іуэхущ Іапі эу 8 къащхэращ, жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм нэгъэлъжь Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщын папщІэ.

ЗэІущІэм къыщагъэлъэгъуащ нэгъэщІ Іуэху зыбжани. Къабщтэмэ, 2024 гъэм нэсыху капитальнэ зэрагъэпэщыжьынущ Гуащэ театрымрэ Ныбжьыщ Іэхэм я театрымрэ. Лъэпкъ библиотекэм и тхылъхэм ящыщу мини 10-м щІигъу ягъэхьэзыращ электрон Іэмэпсымэхэм ирагъэхьэн папщІэ. Апхуэдэу Налшык къыщызэІуахынущ Щэнхабзэ зыужьынымкІэ центр. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абы хэтынущ сабийхэр, балигъхэр кино щеплъ, концертхэр щызэхуэсыгъэу, библиотекэ, творчествэм зыщыхуагъасэ пэшхэр.

Гулъытэ хэха зэІущІэм щызэщІащ КЪР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ Хэку зауэшхуэм къыщыхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ щрикъу махуэмрэ ятеухуа гуфІэгъуэ дауэдащхэр гъэхьэзырынным.

***КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

# Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 443-рэ щыхухах профессиональнэ, цІыху куэд зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным

**КЪР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іуэхудзокъуэ М. М., КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Кьардэн М. Н., КЪР-м спортымкІэ и министр Хьэсанэ И. М.**

ЗэІущІэм къызэрыщыхаГъэщамкІэ, дызыхуэкІуэ зэманым гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым спортсмен лъэрызехьэхэр щыгъэхьэзырынымр, профессиональнэ, цІыху куэд зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэм зыхуэгъэсэным хуэщІа Іуэхущ Іапі эхэр зыхуейзыхуэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр, спортым ехьэлІа ІуэхуныгъэщІэхэр щыныр, «Демографиям» лъэпкъ проектым хьхьэ «Спортыр гъащІэм и хабзэщ» щынапІэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэгъэхьулІэным егупуныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым субсидиеу сом мелуан 433-рэ хуэхъныным теухуа зэгурыІуэныгъэу пІлы иджыблагъэ иращыІыпІащ Урысей Федерацэм Спортымкіэ, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэхэм. А ахъшэр республикэм къыІэрыхьакІэщ икІи спорт Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм зэхуэдэ гъэкъуэным хуэхаращ. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ командэ хьэхъахэм хэтынухэр гъэхъэзырыным зи лэжьыгъэр теухуа организацэхэм, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ уху зыныгъэхэу Дзэлыкъэкъуажэрэ Къэщкъэтаурэ щащІхэр и кІэм нэгъэсыным, республикэм и щІыналъэхэм апхуэдэ Іуэхущ Іапі эу 19, спорт, сабий джэгупІэ цІыкІухэр къыщызэгъэпэщыным, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІэ спорт школымрэ иджырей пятиборьемкІэ школымрэ зыхуей Іэмэпсымэхэр къахуэщэхуным, Былым, Къармэхьблэ, ХьэтІохъущкъуей, Аушыджэр къуажэхэм футбол щыджэгуну щІыпІэкэр щыхуэным е щыІэхэр зэгъэпэщыжьыным.

2025 гъэм и пІ къихуэу республикэм и жылэхэм щагъэувыну я мурадщ спорт лІэужьыгъуэ куэдым хэзщІа уахыпи 120-рэ, псыгуэнхэр зыхэт физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплекситху, лъэрызехьІэ къыщыбжьыхь хъуну мыл утыкурэ ФОК хэха мыину 25-рэ, зэрагъэпэщыжьынущ «Спартак» стадиномрэ «Налшык» спорт комплексымрэ. А псоми Іэмал къатынущ республикэм щыпсэуэм физкультурэмрэ спорт лІэужьыгъуэхэмрэ зыхуагъэсэн папщІэ зыхуейхэмкІэ къызэрагъэпэщыну.

ЩхьэхуэУ и гугъу ящІащ Іэнатіэр лэжьакІуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным, щІэныгъэ щІэныгъэ етыным хуэунэтІа хабзэхэр егъэфІэкІуэным, тренерхэм я Іэзэгъэм хагъэхьэуным, ГТО Урысейпсо комплексым цІыху нэхъыбэ къыхэша зэрыхъуну щыкІэм. Абы хиубыдэ мардэхэр ягъэзащІэу, дышъ, дыжьын дамыгъэхэр къхьаным теухуа зэпеуэхэм хэтакІэщ республикэм щыщ цІыху мин 50-м щигъу.

***КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

# Социальнэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыр, уэрамхэмрэ пщІантІэхэмрэ зэпэщ зэращІыр къапщытэ

**Бахьсэн районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур рэ абы и къуэдзэ Ует Анатолэрэ иджыблагъэ жылагъуэ зыбжанэм щыІащ икІи абыхэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іапі эхэр зэрыщаухуэр, пщІантІэхэмрэ уэрамхэмрэ зэІуэпэщ зэрыщащІыр къапщытащ.**

ПСОМ япэу ахэр еплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэр» къэрал программэм ипкъ иткІэ тІысыпІэ 300 иІэу Зыбгъуэщ Іыкъуей къуажэм дащІыхь Щэнхабзэмкі Іэ унэм, а къуажэм фэтэр куэд зыхэт и унэм и пщІантІэр, стадионыр зэрызэрагъэпэщыжьым. ИужькІэ муниципалитетым и унафэщІхэр къуажэдэсхэмрэ спортсменхэмрэ я къаркІэ зэрагъэпэщыжьа спортзалым епльащ.

Абы къыкІэлъыкІуэу унафэщІхэм щІапщытыкІащ Зеикъуэ, Жанхъуэтекъуэ къуажэхэм фэтэр куэд хьуэу дэт унэхэм я пщІантІэхэм сабий зыгъэпсэхупІэхэр къызэрыщыІзэрагъэпэщым, зекІуапІэхэмрэ тІысыпІэхэмрэ къызэрагъэщІэрэщІэжым. Псыкізку къуажэм Балъкъыз Артур щахуэзащ а жылэм къыщызэрагъэпэща зыгъэпсэхупІэ утыкур зыхуей хуэзыгъазэ подрядчикхэмрэ къуажэдэсхэмрэ.

А псоми апкъ иткІэ муниципалитетым иубзыхуащ ухуэныгъэ Іуэхухэр щІэгъэхуэбжьэным, дежи Іуэхэмрэ абыхэм кьеда щыпІэхэмрэ гъэкъэбзэным щІыхуэр нэхъ жыджэру къыхэшэным хуэунэтІа Іуэхухэм.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

**2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр ихуащ.**

**Ди газетым тезыдэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар къеВгъэхьын папщІэ иджыри Іэ щыщІэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапі эми. Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 438-рэ кІэпІейкІэ 44-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

● Футбол

## Фыдогъэблагъ!

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» уи ЕплІанэ джэгуГъуэ*

*«Спартак-Налшык» - «Краснодар-3» (Краснодар) Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэ Іум и 9. Сыхьэт 17-м.*

# Нобэрэ пщэдейрэ

**Шыщхьэ Іум и 8, махуэжь**

**♦Альпинизмэм (альпинистым) и дунейпсо махуэщ**
**♦Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**
**♦Джэдухэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Швецием и Къэрал ныпым и махуэщ**
**♦Китай Республикэм щагъэлъапІэ Адэхэм я махуэр**
**♦1899 гъэм** США-м щыщ къэхутакІуэ Маршалл Альберт дунейм щыяпэу щІыналъэ зэпкъриІтьхьащ, абы щыхьэт техьуэ тхылъхэ хуатхащ.
**♦1900 гъэм** теннис спорт лІэужьыгъуэм и саугъэт зыхэ лъапІэ дыдэр - Дэвис и Кубокыр - ягъэуващ.
**♦1924 гъэм** Москва къалэ къуэцІыпІащ.
**♦1927 гъэм** Франджым хэІущІыІу щащІащ хьэм къыпкърыхьэ емынэ узым и хущхъуэгъуэр къызэрагъэутар.
**♦1941 гъэм** Сталин Иосиф советыдзэхэр я командующ нэхъыщхьэу яГъэуващ.
**♦1941 гъэм** Совет Союзым и «Ил-4» къхъухьатитху Берлин япэу щхьэщыхьэри, лагъымэр ирадзыхащ.
**♦1942 гъэм** ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык комитетым унафэ ищІащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щаухуэну.
**♦1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым и Іэщэхэм бжахэхъуащ КВ-95 танк хьэлъэр.
**♦1949 гъэм** Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэм и Советым и япэ сессиер.
**♦1955 гъэм** СССР-м къыщащтащ илъэсым хэриубыдэу зы мазэ лэжьакІуэм зиГъэпсэхуныр ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зэращІымрэ ятеухуа хабзэхэр.
**♦1967 гъэм** Бангкок (Таиланд) къыщызэрагъэпэщащ Ипщэ-Къуэкъ Іпі э Азием ихьхьэ хэралхэм я зэгухьэныгъэр (АСЕАН). Абы хьхьащ Индонезиер, Малайзиер, Сингапурыр, Таиландыр, Филиппинэр, нэхъ иужьыІуэкІэ Брунейр (1984 гъэм), Вьетнамыр (1995), Лаосымрэ Мьянмэрэ (1997), Камбоджэр (1999).
**♦2008 гъэм** XXIX гъэмахуэ Олимп Джэгухэр Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэІуахащ. Ахэр щыщхьэІум и 8 - 24-хэм кІэІуэкІащ. Алыджэурым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхьуауэ щытащ адыгэ щІалэ Хъущт Асльэнбэч.
**♦**Урысей Федерацэм и мызакъуэу дуней псом цІэрыІуэ щыхьуэ нэ дохутыр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
**♦**Америкэм щыщ киноактёр, режиссёр щІэрыІуэ, «Оскар» тІэунейрэ, нэгъуэщІ саугъэтхэри зрата **Хоффман Дастин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
**♦**Урысей кинорежиссёр, Кином и Унэм и унафэщІ, телевизионэр езыгъэкІуэкІ, «Ника» саугъэтыр зыгъэувэ **Гусман Юлий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
**♦**Балетмейстер **Марыщ Зарэ** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.
**♦**Кхъухьлъатэзехуэзкосмонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхьужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
**♦**Актёр, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щыІэ зиІэ и артист, Кържымрэ Чуваш ием я зауэ ирищІыпІащ, и дзэхэр Маныжкурием ирищэри.
**♦КЪБР-м** мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къудали Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
**♦**Швейцариемрэ щыщ теннисист, дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ **Федерер Роджер** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхьэнущ.

**Шыщхьэ Іум и 9, мэрем**

**♦Тхылъ фІыуэ зылъагъуэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Щалъхуа щІыналъэ щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ - Пётр Езанэм и унафэм щІэту урыс флотыр 1714 гъэм шведхэм Гангут щІыхьэбзыпэм деж щатекІуащ.**
**♦Болгариеи и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**
**♦Канадэм щагъэлъапІэ мамырщІэкъуэм я махуэр**
**♦США-м и мэзхэр мафІэсым щыхьэумэным и лъэпкъ махуэщ**
**♦1173 гъэм** Пизэ къалэм (Италие) уху зыщыщІадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цІэрыІуэ щызыщІар лъэныкъуэкІэ ещІауэ зэрыщытырщ. 1173 - 1250 гъэхэм ищхъэрэкІэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкІэ ещІащ. А чэщанэр дунейм и щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.
**♦1859 гъэм** Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техьуэ тхылъ кьратащ.
**♦1940 гъэм** Берлин - Багдад гъущІ гъуэгур ухуэн яухащ.
**♦1942 гъэм** блокадэм и Ленинград къалэм щагъэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Еблана симфониер».
**♦1945 гъэм** СССР-м и Японием зауэ ирищІыпІащ, и дзэхэр Маньчжуриеми ирищэри.
**♦1945 гъэм** Японием и Нагасаки къалэм США-м и къхъулъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Абы цІыху мин 74-рэ хэкІуэдауэ, къалэм щыщ Іыхьэшхуэ зэтракъутауэ щытащ.
**♦1965 гъэм** Сингапурыр Малайзием къыхэкІри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.
**♦1990 гъэм** Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр къащтащ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ ар УФ-м щыщ Карелие Республикэщ.
**♦1990 гъэм** «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.
**♦1992 гъэм** Барселонэ (Испание) щызэхуащІыжащ XXV гъэмахуэ Олимп ДжэгуГъэр.
**♦**Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 191-рэ ирокъу.
**♦**УэрэджыІакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
**♦**Совет журналист цІэрыІуэ, тхакІуэ, политолог, 1991 - 1997 гъэхэм СССР-м и лІыкІуэу Израильм щыІа **Бовин Александр** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
**♦**Политик, Украинэм и етІуанэ президенту щыта (1994 - 2005 гъэхэм) **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
**♦**Америкэм щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу. Ар саугъэт, дамыгъэ лъапІэу нэхъыбэ дыдэ зыхуагъэфэща артистхэщ - апхуэдэу абы 400-м щІигъу иІэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

**Лэжьыгъэу щыІэр зы нэдым ихуэркъым, щІэныгъэу щыІэр зы цІыхум ищІэркъым.**

# Тхылъ фестивалым фрагъэблагъэ

**Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекІуапІэ Іыхьэм щыщхьэІум и 10-м щекІуэкІынущ «HomoLectis. Тхылъ еджэ цІыху» фестивалыр. Ар ирагъэхьэлІащ Тхылъ тыгъэ щІыным и махуэм.**

ФЕСТИВАЛЫМ хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди гъунэгъу щІыналъэхэмрэ я усакІуэ, тхакІуэ, музыкант ныбжьыщІэхэр. Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкІ литературэ журналхэм я редактор нэхъыщхьэхэм щІалэгъуалэм къахуэщхьэпэну чэнджэщхэр щратынущ.

Дунейм къызэрытекьэрэ куэд щІа, гъэзетыгуей хъуэ тхылъыжьхэр щащэну жармыкІи къызэрагъэпэщынущ, ахэр къызыхуэмыщэхуэхэм пщІэншэуи ираты-нущ. Езыхэм гъэщІэгъуэн къащыхъуэ тхылъхэр дапльхэхэм кьыранэурэ нэгъэущІэми абыхэм щыгъуазэ защІыну Іэмал ятынкІэ хабзэ дахэ яхуэхъуащ тхылъ еджэн зыфІэфІхэм. Апхуэдэ Іэмали яГъэтынущ мы зэхуэсым кьрихьэлІэхэми.

***КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьыным и Іуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхуэхьэсыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***№124-ПП*** ***2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м***
***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьыным и Іуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №249-ПП-мкІэ къащтам, мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхуэхьэсыныгъэхэр хэлъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.**

**ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхэгъэкІауэ нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхуки Э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***№125-ПП*** ***2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м***
***Налшык къалэ***

Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м №154-м щІэту къыгъэхьа лъэІум хэпльауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым кьыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхуки Э» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Балъкъэр-Ипщэ ГэС цІыкІум и щІыналъэм зрагъэубгъун папщІэ мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм кьыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хуэхах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжьныгъэм, шынагъэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм зэрыщыжьынымкІэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнатІэ 271000-рэ хъу, 07:05:0000000: 8693 кадастр номерыр зиІэ, Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм хьихьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэ щІы Іыхьэр.

2. Мылъкур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.**

**ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхэгъэкІауэ нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхуки Э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***№126-ПП*** ***2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м***
***Налшык къалэ***

Ныбжьэ Аслъэн Алий и къуэм 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м №024-Н-285-м щІэту къыгъэхьа лъэІум хэпльауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым кьыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхуки Э» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. Уху зныгъэ промышленностым и Іуэхущ Іапі эхэр къыщызэрагъэпэщын папщІэ мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм кьыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хуэхах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжьныгъэм, шынагъэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм хуэзразхьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнатІэ 2500-рэ хъу, 07:08:1400000:86 кадастр номерыр зиІэ, Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм хьихьэ Щхьэлыкъуэ къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэ щІы Іыхьэр.

2. Мылъкур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.**

● Гу зылъытапхъэ

# Къаныкъуэ Анфисэ и тхыдэ романыщІэ

**Илъэс блэкІам ди щІэджыкІакІуэхэм Іэмал яІащ Къаныкъуэ Анфисэ «Хьэтхэр» зыфІищащ и тхыдэ романым тхылъ къыдэмыкІ щІыкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкІуэцІхэм щеджэну. Ар ихат адыгэхэм я къежьапІэ жыжьэу къалъытэ хьэтхэм яхэту къэхъуа Алэдамэ къыщалъхуа Мэуэт къэралыгъуэм зэригъэзэжьымкІэ.**

ХАБЗЭ щхьэхуэ зиІэж литературэм къыщыхъу телъыджэхэм яз къыщІэкІынщ лІыхъужьхэр зигу пымыкІ тхылъеджэхэм я лъэпкъ Анфисэ и тхыгъэм къыпищэну мурад зэрищІар. Зи япэ Іыхьэжэр нобэрей къыдэкІыгъуэм и 3 - 4-нэ напэкІуэцІхэм теддзэ «Мэуэтхэр» романми лІыхъужь нэхъыщхьэу хэувар хьэт пащтыкъ Хьэтусилэ деж щыІэу балигъыпІэ иува Алэдамэщ. Абы лъабжьэ хуэхъуащ Мэуэт къэралыгъуэмрэ дэрдэнэй алыдж лъэпкъымрэ Іуэв хыр зэпаубыдауэ щыщыта лъэхъэнэр.

«Хьэтхэм» ещхьу, «Мэуэтхэр» романми Анфисэ ди нэгу щыщІигъэкІ цІыху хьэлхэр, сюжетым и зыужьыкІэр езыр-езыру кьигупсысами, тхыдэ и лъэныкъуэкІэ тегъэщІапІэ ищІар щІэныгъэлІэхэм утыку кьрахьа Іуэтэжхэщ.

Ди лъэпкъым и пасэрей тхыдэр Іыхьищу зэхэпь романышхуэм хуигъэкІуэжыну мурад зыщІа тхакІуэр, Къаныкъуэхэ я пхъур, иджыпсту фІыуэ тлъэгъуа лІыхъужьхэм аргуэру дащыхуэзэжыну кІэух тхыгъэм йолэжь.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэ

# «Баксанский вестник» газетыр илъэс 80 зэрырикъур ягъэлъапIэ

**Бахьсэн щIыналъэ администрацэм и пэшIухэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Баксанский вестник» газетым и япэ номерыр къызэрыкIрэ илъэс 80 зэрырикъум тегъуэда гуфIэгъуэ зэхыхьэ.**

ГАЗЕТЫМ и цIэр мыззмыгъэу ихьуэжащ: «Большевистский путь», «Хъелэ коммунизма» цIэхэр иIэу ящыта газетхэр. Бахьсэн, Iуащхьэмахуэ, Шэджэм, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм хыхьэу Бахьсэн щIыналъэ колхоз-совхоз управленэ къызэрагъэпэща нэужь, газетыр, «Коммунист» фIащри, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомымрэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советымрэ егъэщIыIа а управленэм и органу къыдэкIыу хуежьащ. 1991 гъэм газетым иджыпсту зэрихьэ «Баксанский вестник» цIэр игъэтащ.

ГуфIэгъуэ зэIуцIэм къриохьэIащ редакцэм и лэжьакIуэхэр, абы штатым хэмыт и корреспондентхэр, зи гъащIэ псор район газетым быдэу пыщIауэ къеIуэкIахэр.

Зи юбилейр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуну къахуебгъэщ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Бахьсэн щIыналъэм и прокурор Башорэ Аслъэн, КъБР-м и Журналистхэм я зэгъэнэгъэм и унафэщI Шаваевэ Разиет, республикэ, район, кьалэ газетхэм я редакторхэр, кьуажэ унафэщIхэр, районым ит Iэхъуущ Iапl я зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

Къыдэхуэсахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Балъкъыз Артур. ХъыбарегъащIэ Iэнатlэм епха технологиехэм уалъэщIэмыхьэным хуэдизу зыщIажь мы лъэхъэнэм район газетым хузэфIэкIащ зэманым дэбакъуэу и лэжьыгъэр къызэригъэпэщын, и щIэджыкIакIуэхэр нэхъ зыщIэупщIэхэм япэдджэжьын, жиIащ Балъкъыз.

Къумахуэ Мухьэдин зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм защIыхуигъаззм къыхихIащ газетым и лэжьакIуэ гупыр я къалэнхэм фIы дыдэу зэрехьулIэр. «Нобэ газетыр зыщIхэр творческэ жыхуэтIэ цIыху гумызагъэхэщ, зи Iэщlагъэм хуэIззэхэщ. Зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, ехьулIэныгъэщIэхэм хуэпабгъэ, Iэхум творческэу бгъэдыхьэ гупым адэкIи газетыфI къызэрыдзэргъэкIыным шэч хъыгъеуэрхъэрхъым», - жиIащ абы.

ЗэIуцIэр езыгъэкIуэкIэхэр къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ газетым къикIуэ гъэзугъаэ кIыхьым щыщ напэкIуэцIхэм, щIыналъэмрэ абы щыпсэухэмрэ хьэлэлу яхуэлэжьаХэр ягу къагъэкIыжащ, газетым къыщекIуэкI хабзэ дахэхэм я гугъу ящIащ. А хабзэ дахэхэм нобэ пащэу я Iэнатlэм пэрытщ газетым и редактор нэхъыщхьэ Доткъул Сэфарбий зи пашэ лэжьакIуэ гупыр.

Хьэлэлу зэрылажьэм, я Iэщlагъэм фIыуэ зэрыхьэщIыкIым папщIэ газетым и лэжьакIуэхэр ягъэпжащ КъБР-м и Правительствэм, республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, щIыналъэ администрацэм, Урысейм и Журналистхэм я зэгъэнэгъэм я щIыхь тхылъхэмкIэ, Iэхуущlапl я зэхуэмыдэхэм я дамыгъэхэмкIэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьэр ягъэдэхащ щIыналъэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ пажэхэм.

**УЛЫМБАЩ Лерэ,**
*Бахьсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iэхуущlапl эм и лэжьакIуэ.*

● ЗэIуущIэхэр

# Лъэпкъ щэнхабзэр щIэин лъапIэщ

**Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым гъатхэ кIуа лъандэрэ щолажьэ «Точка кипения» фIэщыгъэр зиIэ зэIуущlапl э-зэпсэлъапIэр. Урысейм стратегие жэрдэмэхэмкIэ и агентствэм и Iэнатlэщ ар. Зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэща зэIуущlапl эм щызэдолажьэ студентхэри дежьэщхьэхэри, хьэщIэхэри хэгъэрейхэри, дэтхэнэми гупсысэщIэрэ жэрдэмышIэрэ къыхилъхьэу. Иджыблагъэ абы къыщызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымкIэ и эксперт советым и зэхуэс.**

ЩЭНХАБЗЭ и лъэныкъуэкIэ лъапIэу къалъытэ Iэхуущlапl эхэр хъума хъуным елIалIэ жылагъуэ зэгъэхьэнигъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIуущlэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м проект-инновацэ лэжьыгъэмкIэ и ректор Iумэт Мурат. Видеоконференц щытыкIэм иту екIуэкIа зэхуэсым хэтхэм Сургут кьипсэлъыкIыу закъыхуигъэзащ а кьалэм и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту лажьэ, Стратегие управленэмкIэ советым и унафэщIым и кьуэдзэ, «Урысейм и инвестицэхэр» жылагъуэ зэгъуэхэнигъэм и унафэщIхэм ящыщ, «УФ-м и стратегие» порталыр ящIэхэзэгъэпэща Сафиоллин Алексей. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ и порталым коммуникацэ, статистикэ, аналитикэ я лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIыфI Iэхуущlапl эхэм. Апхуэдэу Сафиоллиным зэхуэсым хэтахэм я упщIэхэм жэуап иритащ. Ахэр теухуат ящыта жылагъуэмрэ, властымрэ хъарычэтыщIэ Iэнатlэмрэ я зэдзэлэжьэкIэхэм, нэгъуэщIхэми. Ханты-Мансийск автоном областыр я щапхъэу, щыгъуаэз зыхуаущIащ а щIыналъэм щэнхабзэм зиужьыным хуэгъэпсауэ щылажьэ проектхэм.

ЗэIуцIэм къыщыпсэлъахэм ящыщу «ЩIэин» фондым и пашэ Батищев Константин, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Нэгъуей Залымхан, «КъБР-м и Лъэпкъ музей» къэрал Iэхуущlапl эм и унафэщI Накуэ Феликс, КъБКъУ-м технологиехэмрэ инновацэхэмрэ дзыгъыныжьмкIэ и центрым и пашэ Мэрэкъуэ Марьянэ, Налшык кьалэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщIым и кьуэдзэ Куэнецова Ларисэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и Iэщlагъэлlэхэр, КъБКъУ-м зэпIэзэрыт зыужьныгъэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэр.

Эксперт советым унафэ кьиущащ щэнхабзэм епха къэрал, жылагъуэ Iэхуущlапl эхэм «УФ-м и стратегие» порталым иIэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпыну. Ар къыхэзэгъэпэщащ хэмчэжщ яритащ порталыр дяпэкIи ирагъэфIэкIуэну, щIыналъэхэм я социально-экономикэ, щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэр кьалъытэу.

**КЪАРДЭН Ритэ.**

● Жылагъуэ

**Ди къэралым и унафэщIхэм иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэха хуащI сабий зыпI унагъуэхэм, анэхэм защIэгъэкъуэныным. Абы екъэлIа проектхэм ящыщщ «Бын зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъун» жыхуиIэр. Ар «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и зы кьудамэщ. Абы кьиргъуэ Iэхуугъуэхэр куэду зэщхьэщыхьащ икIи илъэси 6-м тещIыхьащ.**

КЪЪР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхуугъэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iэнатlэм къызэритамкIэ, ди республикэми щаублащ а социальнэ проектым кьыщыгъэлъэгъуа Iэхуугъуэхэр гъэзэщIынырэ.

Унагъуэ щыхъукIэ, абы къохъуэ сабий пIыним, гъэсэным ехьэлIауэ щыт, узыпэмыплъа Iэхуугъуэ куэд. Ауэ щыхъукIи, дэтхэнэ адэ-анэри кIуэфIыркъым (Iэмал яIэкъым е тегушхэрэкъым) дохутыр Iэщlагъэлlым и деж, зыгъэгъазаэ а Iэхуугъуэхэр зэрфIэха зэрыхъуну щIыкIэмкIэ ечэнджэщыну, дэIэпыкъуэгъу хуейуэ. Ар кьалъытэри, республикэм кьыщызэрагъэпэщащ кьалификацэ лъагэ зиIэ психологхэм, педагогхэм я чэнджэщ кьыщыухъхьэлIэну Бын зыпI унагъуэхэм ядэIэпыкъуэ Iэнатlэ. Абы мыпхуэдэ Iэхуугъэбзэхэр щыхуащIэнущ адэ-анэхэм:

- гъэсэныгъэ Iэхуум ехьэлIа педагогикэ, психологие чэнджэщхэр;
- сабий гъэсапIэхэм кIуэ бынхэм ехьэлIауэ адэ-анэхэм яIэ гуныкъуэгъуэныгъэмкIэ психолого-педагогикэ, методикэ чэнджэщхэр;
- зи узынщагъэм сэкъат иIэ сабийхэр жылагъуэм лъэпощхьэпонушэу хэзэгъэным, абыхэм яхуэфэщэн медицинэ дэIэпыкъуныгъэ, гулъытэрэ гъэсэныгъэрэ етыным епха чэнджэщхэр;
- адэ-анэмрэ бынымрэ яку кьыдэхъуэнкIэ Iэхуу зэныкъуэкъуэхэр лъэпощхьэпонушэу гъэзэкIуэжыным епха чэнджэщхэр;
- IэпкълъэпкъкIэ е псантхуэ и лъэныкъуэкIэ тэмэму зызымыужь сабийхэм психолого-педагогикэ, методикэ дэIэпыкъуныгъэ, чэнджэщхэр иратынущ егъэджакIуэ-логопедхэм, егъэджакIуэ-психологхэм, егъэджакIуэ-дефектологхэм;
- адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабий кьэзыхьу зыпIыну мурад зыщIа цIыхухэм чэнджэщ щхьэпэхэр иратынущ.

Ещхьу зыпI унагъуэхэм ядэIэпыкъуэ Iэнатlэм щат чэнджэщхэр псори пщIэнщэу, Iэнатlэм и Интернет хэщIапIэр: @podderzka_semei_kbr.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Май щIыналъэ

# Хуэныкъуэхэм защIэгъэкъуэн

**Май щIыналъэм къыщыхатхыкI къэралыр къыдэIэпыкъуным щыгугъ унагъуэхэр.**

КЪАПЩТЭМЭ, зи хэхъуэр сом мини 10-м куэдкIэ щIимыгъу унагъуэу иджыпсту районым щопсэу мини 2-м нэс. «Абыхэм яхэтщ зэрыхуэмыщIам ищIыужкIэ зи закъуэу къэна куэд. Дзэтхэнэми нобэ зекIуэ мардэхэм тету защIэгъэкъуапхъэщ», - жиIащ щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Саенко Татьянэ. Гулъытэ лей зыхуэщIыпхъэу къэгъэльэгъуэхэм яхэтщ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэри. Ахэр зыбгъэдэтыфын Iэнатlэкlэ къызэрагъэпэщы-ным яужь итщ. Къимыдэкlэ, зи пенсэ кIуэгъуэ нэмысауэ, нэгъуэщI Iэщlагъэ ззэыгъэгъуэтыжыну хуейхэм папщIэ дерсхэр къызэрагъэпэщ. Федеральнэ бюджетым къыхэкI ахъщэкIэ ахэр къэралым пщIэнщэу иригъэжнущ. Май районым лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпэкъуныгъэмкIэ щIэ центрым апхуэдэ лъэIыкI зыхуэзыгъэззахэр цIыху 13 мэхъу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

# Я хэщIапIэ яIэжщ

**КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэщапхъуэ Iуэхуэхэмкlэ и управленэм (УВМ) и Налшык кьалэ къудамэм и хэщIапIэ къызэIуахащ.**

**Унэщlэр тетщ Калининымрэ Мусэмрэ я уэрамхэм я зэхэкIыпIэм. Къудамэм и унафэщIыр полицэм и подполковник Зэрэкъуш Ислъам.**

IУЭХУ гуапэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэр, къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ жылагъуэ лIыкIуэхэмрэ.

- Нобэ Iэмал фIэщ иджырей мардэхэм къитIасэ пэщыщIэм фыщылэжьэну. Ар зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ цIыхухэм, узыншагъэкIэ гулъытэ хуэныкъуэхэри яхэту, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр тэмэму яхуэзэфIэхын хуэдэу, - жиIащ КъабэрдейБалъкъэр Республикэм къэралкIуэцII Iуэхуэмкlэ министру щыIэм и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къуплькъум и полковник **Уэтэр Владимир**.

Урысей МВД-м Налшык кьалэмкIэ и Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник **Геграев Маратрэ** КъБР-м щыIэ МВД-м и УВМ-м и унафэщI, полицэм и полковник **Бахъуэ Аслъэнрэ** хэщIапIэщIэм щылэжьнухэм ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ яIэу я Iэнатlэм пэрытыну, цIыхухэм хуащIэ Iэхуутхьэбзэхэр ирагъэфIэкIуэну.

Налшык кьалэм щыIэ УМВД-м и унафэщIымрэ КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Балъкъыз Валерэрэ зэпаупщIащ лентI плъыжьыр.

УнафэщIхэмрэ хьэщIэхэмрэ къызэхаплъыхьащ унэщIм и пэшхэмрэ Iуэхущlапl эм кьегъэщIылIа щыIэпIэмрэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**Ди республикэм и мэкъумэш-промышленнэ Iуэхуущlапl эхэр хуащIокъу ягъэхьэзыр шхынхэкIым щIэупщIэшхуэ зэраIэным.**

ЗЭМАНЫМ декIуу щIым телэжьыхь мэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщlым фейдэ кьыпIэныхьыф фермерхэмрэ кьэралым лъэныкъуэ куэдкIэ зарызащIигъакъуэр нэрылъагъуу, зауэ. Кьапщтэмэ, иджыпсту къэгъуэтыгъуейщ щIым зэрыстелэжьыхь техникэр кьыщэмэщIэкI бэджэндырылажьэрэ иджырей Iэмалхэр кьэзымыгъэсэбэп фермерэ. Къэралым абыхэм субсидие щхьэхуэхэмкIэ защIегъакъуэ икIи дэтхэнэми ягурегъаIуэ я лэжьыгъэм щIыналъэ, къэралпсо мыхьэнэ яIэн, гъэлъэгъуэныгъэ утыку нэхъ инхэм ихьэн зэрыхуейр. Кьапщтэмэ, мы гъэм куэдым щIы мэракIуэр япэу хасащ. Зыри хилъэфакъым, уеблэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэми щахуэщащ. Апхуэдэ екъулIэныгъэ яIэну мэгугъэ ящIэ консерв промышленностым и лэжьакIуэхэри. Джэш щхьэантIэм хъарзыну елэжьащ. Иджыпсту чэзур нащэмрэ помидорымрэ ейщ. Егъэлеяуэ зэрыхуабэми емылытауэ, Аруан, Бахьсэн, Псэкэн, Шэджэм щIыналъэхэм хадзэкIэ бэв кьыщрахьэлIэ. Май, Прохладнэ районхэм кIэртIоф пасэр кIэрыхуныгъэ щыIуэхьжри, щIыр явэжьну хунэсащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● Мэкъумэш Iэнатlэ

# Зэманымрэ къалэныщIэхэмрэ

# Джэрмэшыкым и гъащIэ купщIафIэр

● Дифl догъэтъапIэ

**Зыужьныгъэм, фIым хуэгъэпса сыт хуэдэ Iуэхуми хуэмышIыхьэх щIыхум куэд зрегъэхъулIэф. Апхуэдэщ Тэрч щIынальэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэм физическэ щэнхабзэмрэ ОБЖ-мкIэ щезыгъаджэ Джэрмэшык Хьэжмурат Дулыхь и къуэр. Илъэс 40-м щIигъуауэ ар пэрытщ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Iэнатlэм. Джэрмэшыкым и гъащIэ купщIафIэр, и Iуэху дахэхэр къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ.**

И ПСЭМ фIэфI, махуэ кьэс дэрэжэгъуэ къеэзыт Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэми ирихьэкIащ лэжьыгъэхэр сытым дежи дахэу икIи екъэхъулIэ. Нэхъапэкlэ кьыхихьа унэтIныныгъэр лэжьыгъэ гъуэгуанэм щIэдзапIэ хуэхъуами, Хьэжмурат и гум дыхьэ а Iуэхум зэрыпэрытрэ куэд дыдэ щIакъым.

Ар Тэрч районым хыхьэ Инарыкъуей къуажэм кьыщалъхуащ. Къуажэ школыр кьиуха ноужь щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну 1970 гъэм ар щIэтIысхьауэ щытащ Осетие Ищхъэрэм дэт педагогикэ училищэм. Кьыхиха унэтIныныгъэр пщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ хъунырт. НэхъыжьыфIым зэрыжиIэжымкIэ, 8-нэ классым щIэсу и адэанэм «егъэджакIуэфI кьыпэкIынут» жаIэу зэхэратэхэр псалъэхэрщ апхуэдэ лъэгъуэм тезышар. ЩIэныгъэ зригъэгъуэту дипломыр кьыIэрыхьа нэужь, Хьэжмурат Кизляр кьалэ дэт курыт школым щылэжьну ягъэкIуат. Мазэ зыбжанэкIэ пэщIэдзэ классхэм щригъэджауэ къэралым кьулыкъу хуищIэну ираджэрэ, илъэситIкIэ хьэуа-десант дзэм хэтащ. Армэм кIуэн ипэкIэ ар бгъуэнейрэ парашюткIэ кьелъауэ щытати, кьулыкъур ирихьэкIыху а бжыгъэм 67-рэ хигъахъуэри, «Парашютист-отличник» цIэр кьыфIащат.

Унэм кьигъэзэжа нэужь Джэрмэшыкым Курп Ипщэ къуажэм дэт курыт школым пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэн щыщIэдзащ. А Iэнатlэм зэрыпэрытым хуэдэурэ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ иIэ кьудамэм зачэнэу щIэтIысхьэжри, ар кьиуухьажащ, дипломыр кьыIэрыхьа нэужь, абы тхыдэмкIэ щригъэджэн щIидзащ. Сыхьэт бжыгъэ иIыгъэм кьадэкIуэу Iуэхущlапl эм щрагъэкIуэкI классщIыб лэжьыгъэхэм я кьиззгъэпэщакIуэуи лажьэрт Хьэжмурат, кьуажэми, районми щекIуэкI Iуэхуэхэм жьыджру хэтт. Абы и щIыхьэтщ «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм Тэрч щIынальэм щиIа кьудамэм жэуап зыихь и секретару а зэманым зэрылэжьар.

Иужьрей и Iуэху зехьэкIэр, школ лэжьыгъэм гурэ-псэкIэ зэрыбгъэдэтыр кьалъытэри, Хьэжмурат 1984 гъэм Курп Ипщэ курыт школым и унафэщIу ягъэуващ икIи а Iэнатlэм илъэситIкIэ парытащ. А зэманым зэфIагъэкIаxэм ящыщу хэхъэ ирагъэнжэт егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри и дэIэпыкъуэгъуу тхьэкIуэмэкIыхь щагъэхъу фермэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытар. Абы щылэжьну бригадэ щыхьэуэ яIэу, хуабжьу щIэрыIуэ хъуауэ Гъунэгъу районхэми кьэкIыжрэ кьэкIыпIэхьэ щытащ.

Джэрмэшыкыр апхуэдэу зэрыгушхуэхэм ящыщщ а зэманым курыт еджапIэм лъыхъуакIуэ гуп, Iэщlыжь Лёлэ Эльдар и пхъур я нэхъыщхьэ, къыщызэрагъэпэщу зэрыщыIэжьар. Гупым хэт школакIуэхэр Хэку зауэшхуэм и зэманым зауэ гъащIэ щекIуэкIа Курп лъагапIэхэм дежи сэлэтхэм я хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыщагъэгъэтыжат, ахэр зэхуахьэсурэ школым хэт мурэ зэйм щIалъхьат. А зэманым апхуэдэу кьагъэуэтыжащ сэлэт пщIы бжыгъэхэм я хьэдэ куэпщхьэхэр икIи еджапIэм и пщIантIэм кьуэшыкъэ кьыщыщзэрагъэпэщри, абы щыщIалъхьауэ щытащ. ИужькIэ гъэзугъбгъуитIым жыгхэр кьрагъэтIысхIри, «Аллея памяти» фIащауэ нобэми зэрахьэ, кIэлъопль.

Хьэжмурат школ унафэщIу щыщыта илъэсхэм иджырэ зы Iуэху дахэ ирагъэжьат - ар авиамодельнэ гупжьей еджапIэм кьыщзыщIэзэIуахарт. КьыхэзгъэщIапхъэщ ар еджапIэныгъэфIэкIэр зыIэригъэхьэу нобэми зэрылажьэр.

1988 гъэм еджапIэм и унафэщI Кулыкъуэм къыпэращри, Джэрмэшыкыр Инарыкъуей къуажэм Лениным и цIэр зэрихьэу щыIа колхозым и парткомым и секретару хахауэ щытащ. 1991 гъэм щIалэ ахъырзэманыр кьуажэм и Iэтащхьэу захри, кьуажэдэхэр кьыхуэзарэзыуэ илъэс бжыгъэкIэ а кьулыкъур ирихьэкIащ.

Абы щыгъуэ зэманри гугъуат, кьуажэр здэщыс щыIэпIэри пхыдзати, газыр екIуэлIэртэкъым, псыри хуиту ягъуэтыртэкъым. Ауэ унафэщIым и кьуажэгъуэр и дзIэпыкъуэгъуу а зэманым жылэм газыр кьрашэлIэн яхуэзэфIэкIат.

Кьуажэдэхэр зэрыгушхуэхэм ящыщт Инарыкъуей кьуажэ администрацэм зыми емыпхуэду радио зэриГъэлажьэр. Нэтынхэр яГъэхьэзырырт Ныбжькъ Нинэрэ Къэбэрдокъуэ Русланрэ. Къэралым щекIуэкI Iуэху гъэщIагъуэнхэм, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ тэрчдэсхэм яIэ екъулIэныгъэхэм ятеуха яхьэбархэр кьатырт радиомкIэ, кьуажэм гуфIэгъуэ, гуэзвэгъуэ дэлъмэ, ахэри хэIущIыну ящIырт. Иужькlэ дэIэпыкъуныгъэ ямыгъуэту, ар зэхуэщIжауэ щытащ.

Хьэжмурат и псалъэхэм апхуэдэу кьыхегъащ а Iэнатlэм щыпэрыта илъэсхэм и кьуажэгъуэгъэ куэдкIэ дэIэпыкъуэгъу къызэрыхуэхьуар. ЗэхэщIыкI лъагэ яIэу, и псэр етауэ дэтхэнэ лэжьыгъэми бгъэдыхьэу, кьуажэ гъащIэр сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ тынш, дахэ зэращIыну хущIэкъуу, зыкъыщIагъакъуэу къызэрыкъуэтар.

Иджыпсту зыпэрыт Iэнатlэми хьэлэлу бгъэдэтщ Хьэжмурат. И пащ кьыдэхуэ дерсхэр иту зэфIимыгъэкIыу, абы сабийхэм классщIыб лэжьыгъэхэри ядрегъэкIэкI. И гъэсэнхэм районми, республикэми, уеблэмэ гъунэгъу щыналъэхэми щыкIагъ зэкъуэкIыну спорт зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щафыбыду апхуэдэщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, абы и нэIэ зытет щIалэхэр Сочэ кьалэм «Уличный красава» фIэщыгъэр иIэу футболымкIэ иджыблагъэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къызэрыщыхьар. Егъэджакlуэм зэрыжиIэмкIэ, и гугъуехьхэм кьарикIуэ апхуэдэ Iуэху дахэхэм кьару кьрат, иджыри лъагапIэщIэхэм щхьэдэхыну трагъэгушхуэ.

Джэрмэшыкыр ящыщщ Тэрч щIынальэм щыIэ «Спортым и ветеранхэр» зэгухьэныгъэм хэтхэм. КъыхэгъэщIапхъэщ абы и жэрдэмкIэ къыхьалхьауэ ящIэситху хуауэ щIынальэм «Курп гъатхэ» фIэщыгъэр иIэу воейлобольмкIэ зэпеуэ зэрыщIагъэкIуэкIыр. Мы зэхьэзэхуэм хэтщ районым ит Iуэхущlапl эхэм я лжьакIуэхэр, апхуэдэу гъунэгъу щыIапIэхэм я кьикIэхэр.

Джэрмэшыкым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр къэралым гулъытэнщIэ ищIыркъым. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм илъэс куэд щIауэ зэрыпэрытыр, спортым, физическэ щэнхабзэм и унафэщIым папщIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэфIыр кьалъытэри, Джэрмэшыкым кьыхуагъэфащащ «ЩIыхубэр егъэджэным и отличник» цIэ лъапIэр, КъБР-м и Парламентым и фIыщIэ тхылъыр УФ-м щIэныгъэмрэ лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм пэрытхэм я профсоюзым. КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Тэрч щIынальэ администрацэм кьаБгъэдэкI щIыхь тхылъхэр кьыхуагъэфащащ, нэгъуэщIхэри я кьратащ.

Къуажэдэхэм пщIэшхуэ зыхуащI, щапхъэ зытрах унагъуэу мэпсэу Джэрмэшыкыр. Абыхэр и щхьэгъусэ Эльмерэрэ (ари географиемкIэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьащ) бынитI зэдапIащ, гъащIэм гъуэгу дахэ щытрагъэуващ. Я кьуэ нэхъыжь Хьэзрэт Мэзкуу щолажьэ. Илъэсипл Iапкlэ Хьэжмуратрэ Эльмерэрэ гуауэшхуэ кьажьхэуащ, я кьуэ нэхъыщIэ Албиян дунейм ехьэжащ. Гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ зэпыльщ жаIэ гугъуехьхэм я гурыфIыгъуэу дадэ-нанэр нобэ мэпсэу.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

**Май щIыналъэм къыщыхатхыкI къэралыр къыдэIэпыкъуным щыгугъ унагъуэхэр.**

КЪАПЩТЭМЭ, зи хэхъуэр сом мини 10-м куэдкIэ щIимыгъу унагъуэу иджыпсту районым щопсэу мини 2-м нэс. «Абыхэм яхэтщ зэрыхуэмыщIам ищIыужкIэ зи закъуэу къэна куэд. Дзэтхэнэми нобэ зекIуэ мардэхэм тету защIэгъэкъуапхъэщ», - жиIащ щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Саенко Татьянэ. Гулъытэ лей зыхуэщIыпхъэу къэгъэльэгъуэхэм яхэтщ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэри. Ахэр зыбгъэдэтыфын Iэнатlэкlэ къызэрагъэпэщы-ным яужь итщ. Къимыдэкlэ, зи пенсэ кIуэгъуэ нэмысауэ, нэгъуэщI Iэщlагъэ ззэыгъэгъуэтыжыну хуейхэм папщIэ дерсхэр къызэрагъэпэщ. Федеральнэ бюджетым къыхэкI ахъщэкIэ ахэр къэралым пщIэнщэу иригъэжнущ. Май районым лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпэкъуныгъэмкIэ щIэ центрым апхуэдэ лъэIыкI зыхуэзыгъэззахэр цIыху 13 мэхъу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# «Алмэстыр Кавказым зэрыщыIам щыхьэт техъуэ тхылъ»

**Аращ фIащар Котляровхэ Викторрэ Марие-рэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдагъэкIа тхылъыщIэм. Зэрыгурыуэгъуэщи, тхылъым и фIэщыгъэм къеIуэтэ ар зытеухар.**

ЦIыхуР а псэущхьэ телъыджэм зыхьуэуми имыгъэту кьокIуэкIри, алмэстым дыщыпетсэлъыхьыкIэ Iуэрыпуатэм щыщ пычыгъуэ гуэру е хьыбар нэпцIу кьащэхьу виртуальнэ дунейм нэхъ епха ди иджырей щIалэгъуалэм.

Кьапщтэмэ, илъэс 70-80 ипэкIэ Кавказым и щIыпIэ зыбжанэм, псом хуэмыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, щIыхухэмрэ алмэстыхэмрэ куэдрэ щIэзэрихьэлIэу щытауэ жаIэж ди нэхъыжьхэм. Абы и закъуэ, щIыху теплъэ зиIэ а псэущхьэхэм унагъуэ Iуэху мы щIыпIэм и щIыхь ящIэ.

Джэрмэшыкым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр къэралым гулъытэнщIэ ищIыркъым. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм илъэс куэд щIауэ зэрыпэрытыр, спортым, физическэ щэнхабзэм и унафэщIым папщIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэфIыр кьалъытэри, Джэрмэшыкым кьыхуагъэфащащ «ЩIыхубэр егъэджэным и отличник» цIэ лъапIэр, КъБР-м и Парламентым и фIыщIэ тхылъыр УФ-м щIэныгъэмрэ лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм пэрытхэм я профсоюзым. КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Тэрч щIынальэ администрацэм кьаБгъэдэкI щIыхь тхылъхэр кьыхуагъэфащащ, нэгъуэщIхэри я кьратащ.

Къуажэдэхэм пщIэшхуэ зыхуащI, щапхъэ зытрах унагъуэу мэпсэу Джэрмэшыкыр. Абыхэр и щхьэгъусэ Эльмерэрэ (ари географиемкIэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьащ) бынитI зэдапIащ, гъащIэм гъуэгу дахэ щытрагъэуващ. Я кьуэ нэхъыжь Хьэзрэт Мэзкуу щолажьэ. Илъэсипл Iапкlэ Хьэжмуратрэ Эльмерэрэ гуауэшхуэ кьажьхэуащ, я кьуэ нэхъыщIэ Албиян дунейм ехьэжащ. Гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ зэпыльщ жаIэ гугъуехьхэм я гурыфIыгъуэу дадэ-нанэр нобэ мэпсэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Гуауэ

# Жэгъуп ФатIимэ Севастополь къалэм псым щитхьэлащ



Шыщхьэуlум и 4-м Севастополь къалэм хьыбар гуауэ кьикIащ – абы псым щитхьэлащ дуней псом кикбоксингымкIэ и чемпионкэ, Къабэрдей-Балъкъэрым щыщ Жэгъуп ФатIимэ. Абы илъэсищ зи ныбжь къуэ цIыкIу къыщIэнащ.

Жэгъупыр къыщалъхуар Шэджэм щIыналъэм хыхьэ ЩIыхэлыкъуэ кьуажэрщ. Къэралым и щIыхьэр дунейпсо утыкушхуэхэм щиIэту ФатIимэ илъэсиблкIэ хэтащ Урысейм и командэ къыхэкам. Дунейпсо кубокыр мызэ-мытIэу къэзыхьа, кикбоксингымкIэ, тай боксымкIэ спортым и мастер ФатIимэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьэныж мыхьэнэшхуэ зэрыIэр кьилъытэрт, ауэ псом япэ иригъэщIр цIыхугъэрт, ныбжьэгъугъэр гъэпэжныырт.

- Щколым зэрыщIэс лъандэрэ сцIыхурт ФатIимэ, - жеIэ Щхьэлыкъуэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Куныжь Хьэчим. - Спортым щIэх къыхэкIыжьын мурад иIэтэкъым абы. «Сэ схуэзфIэкIыну псоми сынэсакъым», пыгуфIыкIырт адыгэ бзылъхугъэр.

Бын дзэгъуэтарэт жиІэу, игу дыхьэн зылІ ирихьэлІакъым ар, зауэлІ хахуэ тепльафІэхэр Мэуэтэм щыкъэдми. Ауэ пщащэм нэмыльэ хуэзыщІ Алэдамэ хуэзфІэкІащ хэку псы Іуфэм щхьэщыпІэжа кхъуэфэжькъым кьызэрибжэкъуІыу нэрыбгей гущІыІэр мафІэ лыгъэйм хидзэну. Удынэ апхуэдизкІэ шынэрт жейм хэту Алэдамэ и цІэр кьриІуэу Іэущхьунуи, зэрымыжеиным яужь итт. Удынэ и гъащІэм зыкъызэридзэкІат, идэ-имыдэми.

Иджьисти, жэщкІэ зэпщІыхь щІалэм и нэгум щыщІэпІлъэм, нэрыбгейм и гур щІэпхъуащ, ауэ зэрызыкъримыщІэу щІидзэри къэс хуэзэхуэзэкъуэрэ зэрыкъэпшэхъуа щІыкІэр. Алэдамэ зэрыщІигъэзэмкІэ, нэрыбгейкъэ къэралыгъуэ щхьэхуэу Насып Іуащхьэ и Іэшэлъашэм, кьуэкІыпІэмкІэ щопсэу, цІыхухъу зыхамыгъэхьэу. ЗауэлІ хьэжьхэм зыкІи кьакІэрымыхуу дзэзешэ лъэрзыекъэхэр, щабзэуэ Іэзэкъэр яхэтщ кьэжьэ Іуащхьэ, джатэри лъэщу яГъэІэрыхуэр, шуудзэ гуащІэщ. Иджы, илъэс мин дэкІыжауэ, бгырыс лъэпкъыр щхьэ хьэхьахьэн хуей хъуа псы Іуфэм Іус мэуэтхэм? А упщІэм Алэдамэ псэкуГэуэ кьритыртэкъым. Мыхъумыщ Іагъэ гуэр ягу илъу кьышыхъуртри, дзыхь яхуищІыртэкъым.

ХьэрГэшырГэ хъыжьмыкІыу Іуэхур кьажэ. Кьыжьмыкъыжьыр Удынэр ящІэри, Алэдамэрэ Удынэрэ ящІыГъущ нэрыбгей гуп. Ахэр сытми хузхьэзырщ, кьикІуэти ящІэрыкъым.

- Фыз кІэжьащІэм сыкъыкъэуэплъу сесакъым, и сымэ ельэдэжьауэри, бзаньлхугъэм япэ ищыжащ Алэдамэ.

- Сэ сыфьыжькъым! - и нащхьуэм уафэхъуэпскІыр щхьэщІидзу щІалэм кьыхуоплъ

Пшыхьыр министр КІурашын Анзор къызэІуех.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

# Адэжь хэкум и хьэщІэ лъапІэхэр

**Налшык щыІэ «Долинск» зыгъэпсэхупІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Иордание, Тырку, Израиль къэралхэм, ди гуэнэгу Ставрополь щыналъэм щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэр кьеГъэблэгъэным теухуа зэхыхьэ.**

- СИ ГУАПЭЩ нобэ гуп дахэу дызэрызэхуэсар. Илъэс зыбжанэ хъуауэ дызэхохьэ мыпхуэдэу, ди лъэпкъэгъу сабийхэр Хэкум кьыдошэжри зыдогъэгъэпсэху, я нэгу зыдогъэужь. Адэкіи мы Іуэхуфым кьыпытщэну ди мурадщ. «Фыкъеблагъэж» нывжызоІэ, - захуигъэзащ хьэщІэхэм КъБР-м и гражданн жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныжьэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министр **КІурашын Анзор**.

Утыкум кърагъэблагъащ хамэ къэралхэм ськиІахэм я тхьэмадзэхэр. Абыхэм жаІащ Хэкум кьихьэжьну зэрагуапэр, щІэблэм хабзэр, бзэр зэрахьэным мыпхуэдэ ІуэхуфІхэр и псыпэхэшу кьызэралъытэр.

- Дыкъызэребгъэблэгъар егъэлеяуэ ди гуапэ хъуащ, дыкьыфхуэпІащІэуи гъуэгу дыкъытехьащ. Ди щІалэгъуэлэм саулэ ІэкІыпІэрэ, сигу хохъуэ. Ахэращ дэ нэхъыбэу гупльитэ зэттын хуейр лъэпкъыу зытхъумэжыным теухуауэ. Мы зэІущІэри абы хухэха Іуэху дахащэри, кьызэзэгъэпэщащэхэр Тхьэм фигъэпсэу! - жиІащ Тырким къьикІа гупым я пашэ Иминх Фикрэт.

- Къэбардей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд кьыбгъэдэкІыу, Налшык къалэ Хасэм къабгъэдэкІыу фІэхъус гуапэ фызох. Хэкум щывгъэкіэуэну махуэхэр гукъинэж фщыхъуну, вгъэзэжа нэужь къыфІуущІэнухэм мыбы дахагъэу щыфпъагъумкІэ фадэгъэшэжыну, ахэри мыбыкІэ къэвгъэхуэпсэну дыфщогугъри, Тхьэм псоми пщащи къыдигъэхъуПІэ, - жиІащ НафІэдз Мухьэмэд.

Іуэхур макъамэрэ къафэкІэ ягъэдэхащ уэрэджьыкІыхэу Хьэкъул Оксанэ, ДыщэкІ Артур, Хьэхъупащіэ ФатІимэ, Гергокаевэ Хьэлимэт, «Бзэрабзэ» уэрэджьыкІыу, «ШІагъэдий» къэфакІуе гупхэм.

Зэхыхьэм и кІэуухым хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ зэщІыгъуу сурэт зытрагъэхащ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Кавказ бгырысхэм ятеухуа хъыбархэр

*1868 - 1881 гъэхэм Тбилиси (а зэманым - Тифлис) щыІэ пащтыхь тетыгъуэм и унафэкІэ «Кавказ бгырысхэм ятеухуа хъыбархэр» («Сборник сведений о кавказских горцах») фІэщыгъэм щІэту тхьилъыпщІ къыдагъэкІауэ щытащ. Зэманым и нэпкъыжьэ зытелъ дэтхэнэ тхыгъэми ещхьу, зауэр кьахэмыІэбэ щІыкІэ бгырыс лъэпкъхэр зэрыздэпсэуа щІыкІэм и телъгъуэу щІэщыгъуэ куэд ущрохьэлІэ урысхэм дыкъыргъащІыхуи папщІэ зэхальхьауэ щыта а тхьилъ зыбжанэм. Нобэ ди щІэджыкІакІуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ абы и еплІанэ къыдэкІыгъуэм узыщрихьэлІэ «Адыгэ Хьисэрэ шэшэн Исарэ» («Черкес Иса и чеченец Иса») таурыхъыр.*

*Ар зытхужа ингуш уэзэщІакІуэ Ахриев Чах 1850 гъэм ингуш къуажэ Фэрэтаут дунейм къыщытехьащ. Илъэсибл фІэкІа имыныбжьу, езым хуэдэ бгырыс ныбжьыщІэхэм я гъусэу, Ахриевыр аманату ятри, Владикавказ щыпсэу урыс унагъуэм къыщыхъуащ: ятІонэрэ щыІыкІэ Штэкъалэ (Ставрополь) дэт гимназиер, нэхъ иужьыІуэкІэ щыІэжми, Кавказ зауэм хэкІуэджахэм ящыщми дыщыгъуазэкъым.*

*ГъэщІэгъуэну Іуэхум хэтыр сыт жыпІэмэ, ингуш уэзэщІакІуэм и къуэрылъхур - УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр, КъБКъУ-м медицинэмкІэ и факультетым илъэс куэд щІауэ щылажьэ профессор Ахриев Хьэжы - Налшык зэрыщыпсэурэ, Тхьэм куэдрэ ди ялэ иригъэт. Куэд щІакъым щІэныгъэлІым и адэшхуэмрэ кхъухьлъатэзехуэ цІэрыІуэу щыта и адэмрэ къащІэна тхьилъымпІэхэр Ингуш щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и архивым тыгъэ зэрыхуищІрэ.*

*«Кавказ лъэпкъхэр зэрыщІэрыІуэ «къунакъ» зэхущытыкІэр ди лъэпкъхэм хьэщІэм хуащІ пщІэм фІыуэ щхьэдох, - дыкъыщоджэ зи гугъу тщІы таурыхъыр и щапхъэу бгырысхэр зэрызэхущытам тепсэлъыхь дагъыстэн тхакІуэ Шапиев Кьази и «Къунакъ зэкъуэшыныгъэ» тхыгъэм. «Фэрфэру фегупсыс, - кьыпещэ абы. - ХьэщІэр - Тхьэм и лІыкІуэщ. Абы пщІэ хуащІ, ягъэлъапІэ. Сытми, къэкІуащ кІуэжащ. Къунакъыр абы нэхърэ куэдкІэ нэхъ гъунэгъущ, гулъытэ хуащІри нэхъ инщ».*

*Нобэрей адыгэхэр къигъэІэбжьынкІи хъунщ и шэшэн ныбжьэгъум папщІэ и щхьэгъуси и быни емыблэ адыгэ Хьисэ. Шэшэн Исаи нэхъ хуэмыхукъым. Ныбжьэгъум папщІэ ищІэ псоми и гур утыпщауэ зэрыбгъэдыхьэм, абы кьызэригъэпэжьынум шэч кьызэрытримыхьэм ди ялэ итахэм яхэлъа цІыхугъэм ухуригъэхъуэпсэкІыжу апхуэдэщ мы таурыхъыр. Шэч хэлъкъым гъунэгъу лъэпкъхэм я деж апхуэдэ куэд ди нэхъыжьхэм ятеухуауэ зэрыщыдгъуэтыжьнуми, абы фы фІэкІа кьызэрыримыкІуэнуми.*

Ахриев Хьэжы и адэшхуэм и сурэтым бгъэдэтщ. *2018 гъэ*

# Адыгэ Хьисэрэ шэшэн Исарэ

ПАСЭ зэманым «адыгэ Хьисэрэ шэшэн Исарэ» жаІэри Кавказым щІалитІ щыпсэуауэ, зымыщІыху щымыІэжу. Япэрейм и цІэр игъэІуат ар зэрыбейм, адрейр мыльку къэугъуеикІэкІэ, щауэ Іэкіуэлъакіуагъкіэ, сытми, дэтхэнэ шэшэн щІалэ шыщхьэмыгъаззми хэлъыпхъэ хьэлхэмкІэ цІэрыІуэт.

Махуэ гуэрым адыгэ Хьисэ и шыбз хьыщІыр фІэкІуэдат. Зытемыхьа лъагъуэрэ зыдэмыпльа къуэладжэрэ къэмынэжауэ унэм екІуэлІэжыну мурад зыщІа щІалэр зэрымыщІэкІэ шэшэн Иса щыпсэу къуажэм хьыщхутэ. Шэшэн Иса щІалэр иригъэблагъэри... хьэщІэм хуэфащэ пщІэм и хьэтыркІэ кІуритыжащ къыфІидыгъуа шыбз хьыщІыр. ЩІалитІым тхьэрыІуэкІэ къуэш зыззэхуащІа нэужь, шэшэн Иса адыгэ Хьисэм псалъэ къыІихащ мазэ дэкІмэ аргуэру хьэщІэу хуеблэгъэну.

ПІалъэр хьыщысам, адыгэ Хьисэ и щуІэгъэр сымаджэ хьэлъэ хьуат. «СыІэху уемыжьэ», - и псэм еджэу телъ бзыльхугъэр лІым елъэІуащ. Ауэ ныбжьэгъум ирита псалъэр нэхъапэти, жиІам тетыж адыгэ Хьисэ шэшэн Иса деж кІуэну ежьащ. Гъэзу тету къуэ къызэрызэхъуамкІэ игъэгуфІа щІалэфІым и щхьэгъусэр дунейм зэрехьжар къыжраІа щхьэкІэ, имыгъэзэжу иунэтІащ къыгъэгугъа ныбжьэгъум деж.

- Сыт и чэзум укъыщІэмысар? - зэрынэсу къеупщІащ абы шэшэн Иса.

«Сыкъыщежьэм унэм щІэсыр сымаджэ хъуат... Гъэгум сытету щыхьэкІуэ къыскІэлъысащ. Аращ и чэзум сыкъыщІэмыкІуэфар», - къритащ жэуап адыгэ Хьисэ.

Махуэ зыбжанэкІэ шэшэн Иса деж щыхьэщІа адыгэ Хьисэ игъэзэжыну зыщІигъэхьэзырым, бысымым къыхуидакъым. «ЛІыГъуэбэу къысхуэжьІуа щхьэщІэ щхьэгъусэнщэу згъэкІуэжьынукъым», - иукъуэдиІащ шэшэн Исаи, зэныбжьэгъуитІыр нысэ лъыхъуэ ежьащ.

Махуэ псокІэ гъэзгу тетауэ, йоуэри зэныбжьэгъуэхэр бгъуэнщІагъ гуэрым кьыщІоувыІэ. Адыгэ Хьисэ асыхьэтым Іуриха щхьэкІэ, жейм емызэгъэ шэшэн Иса бгым и мелыІычхэр зэрызэпсалъэр зэхех:

- НакІуэ, Аллэ-Беллэ, - жеІэ Беллас, - хьэдэІусым дыкІуэнщ.

- Хьэуэ, Беллас, - кьрет абы жэуап Аллэ-Беллэ, - сэ си бгъуэнщІагъым сыщІэкІ хъунукъым, хьэщІэ сиІэщ.

- Хэт хъуну уи хьэщІэхэр? - къоупщІ Беллас.

- Шэшэн Исарэ адыгэ Хьисэрэ согъэхьэщІэ, - кьретыж жэуап Аллэ-Беллэ. - Сигу кьыкІари, Беллас. Уэращ дэ тщыщу къэхъун-къэщІэнукэр нэхъ зыщІэри, ди хьэщІэхэм я мурадыр кьызжеІэ.

«Абыхэм я мурадыр, - къритащ жэуап Беллас, - лІыГъуэбэ хъуа адыгэ Хьисэ щхьэгъусэ кьыхуашэнырщ. Адэ-анэ фІэкІа зытемыплъа, зэи зыми имыльэгъуа пщащэщ абыхэм къагъуэтынур. А хъыджэбзым и хъыбар зэхэзэлмыха гъуэтыгъуейщ». Пщащэр зыщыщ къуажэм и цІэри къриІуащ Беллас. А псори шэшэн Иса зэхихащ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм хъыджэбз цІэрыІуэр щыпсэу къуажэм макІуэ зэныбжьэгъухэр. Фызабэ гуэрым деж йокІуалІэхэри, абы и унэ хъыщоувыІэ.

- Сытым фыкъытхуихьа ди къуажэм? - къоупщІ фызабэр щІалэхэм.

- ДыкъыщІэкІуаращ, - иритащ абы жэуап шэшэн Иса. - Фи къуажэм ада-анэм фІэкІа темыплъауэ пщащэ щІагъуэ дэсу жаІэ, абы дыпльыхьуну дыкъэкІуащ.

- ЛъагэІуэу фыдоІэбей, - щабэу къапидзыжащ фызабэм. - А хъыджэбзым хъанхэри пащтыхьхэри къыщІоупщІэ, ауэ зыри зытригъэхьэрэкъым. Ауэ, пщІэну щыткъым, и унэр фэзгъэпльагъунщи, фи насып кІыхь феплъ.

- Дэри арат дызыхуейр, - ардэш мэхъу шэшэн Иса.

Фызабэм пщащэм и унэр яригъэпльагъури, пщІантІэм зэрыдыхьэну щыкІэм теухуауэ чэнджэщ къяритащ.

- Хъыджэбзыр щыпсэу пщІантІэм дыжьыным елэжь дыщэкІхэр дэсщ, фи Іэщэр вгъэщІэрэщІэну фыкІуа хуэдэу фыдыхьэ. Пщащэм фызэІуигъаплъэмэ, фи кІэн къикІауэ аращи, маржэ, зыІэщІэвмыгъэкІ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм адыгэ Хьисэрэ шэшэн Исарэ дыжьын тхьпхъэкІэ Іэзэхэм я деж екІуэлІакхэщ. Адыгэ Хьисэ пщІантІэм зэрыдыхьэу шыр игъэджэгун щІидзащ. Абдеежым хъыджэбзыр ищхъэ къатым кьелпъыхри, и Іэ тхьэмпэ хужь щыкІыр плъагъуу жьзым Іэрамэ къридзыхащ. Адыгэ Хьисэ жьзымыр щІым нимыгъэсу кьиубыдри, и жьпым ирилъхьащ.

ДыщэкІхэм «пщыхьэщхьэ фыкъакІуэ» къыжраІати, пщыхьэщхьэ гуэрым щІалитІыр хъыджэбзымрэ къамэщІэкэмрэ зыдэс пщІантІэм макІуэ. Адыгэ Хьисэ аргуэру шыр егъэджэгу. Пщащэм иджы и бгым нэс зыкъегъэлъагъуэри, мыІэрысэ кьредзых. Адыгэ Хьисэ мыІэрысэр щІым нимыгъэсу кьеубыдри, и жьпым ирегъапщкІуэ.

ДыщэкІхэм аргуэру «пщэдджыжь фыкъакІуэ» къыщыжраІэм, зэныбжьэгъуитІыр пщІантІэм пщэдджыжьым нос. ПщІантІэм зэрыдыхьэу, адыгэ Хьисэ шыгъэджэгум щІедзэ. Хъыджэбзым и кІыхьагъкІэ зыкъегъэлъагъуэри, дэ хъурей кьредзых. Адыгэ Хьисэ дэр щІым нимыгъэсу кьепхъуатэри, и жьпым ирелъхьэ.

- Фи мурадыр къывзхъулІауэ фыбж-тІэ иджы, - къажреІэ щІалитІым псори зыжраІэжа фызабэм. - Ауэ фымыбзэлэрыгъын щхьэкІэ, си чэнджэщым фыкъедалІуэ. ЯпэщІыкІэ жьзым Іэрамэ къыпхуридзыхащ, етІуанэу зы - мыІэрысэ, ещанэу - дэ. Абы къикІыр мыращ. Нэхущым деж хъыджэбзыр зыплъыхьакІуэ къыщІэкІынущ: япэ жэщым - жьзымей хадэм, етІуанэм - мыІэрысей хадэм, ещанэм - дей хадэм. ЖэщищкІэ пщащэм фыпэплъэн хуейщ, а зэманым къриубыдэу зыІэрывмыгъэхьэфмэ, фыпыкІауэ фрыбж.

Арати, адыгэ Хьисэрэ шэшэн Исарэ япэ жэщым жьзымей хадэм макІуэ. Зэрынэсу, шэшэн Иса и ныбжьэгъум зыхуигъаззри жриІащ: «Хэди кьыхэх: ухуеймэ, дишхэр уогъэхъуакІуэ, «хьэуэ» жыпІэрэ, къэхъум ухуэхъэзыру пщащэм упэплъэу щыт». Адыгэ Хьисэ пщащэм пэплъэу хадэм итыну арэзы хъуащ. Ауэ пэплъэмпэплъэурэ жей кьыщцытеуэм, и щхьэм уанэр щІидзащ, щІакІуэр зытрипхъэурэ Іурихащ.

Нэхущым ирихьэлІэу хъыджэбзыр жьзым хадэм зыплъыхьакІуэ къохьэ. Хадэр ихьуреягъкІэ кьыззхикІухьа нэужь, щІым жейуэ щыпІ цІыхум гу лъитащ пщащэм. ЩІэхуу бгъэдыхьэщ, щІакІуэр кьиІэтщ, и нэгум иплъэри: «Сыту плы къежІу!» - жиІащ. ИтІанэ зыми зыкъримыгъэпльагъуу щхуу унэм кІуэжащ.

«Дауэ хъуа, къэкІуа пщащэр жьзым хадэм?» - кьеупщІащ шэшэн Иса адыгэ Хьисэ. Модрейми зэрыІурихамкІэ, пщащэр къэкІуами къэмыкІуами зэримыщІэмкІэ зыкъыимысащ.

КъыкІэлъыкІуэ жэщым адыгэ Хьисэ пщащэм ежьэну иджы мыІэрысей хадэм макІуэ. Аргуэрыжьу жей кьытоуэри, щІалэр Іурех. А жэщми къэкІуат пщащэр хадэм. Аргуэру щІым жейуэ щыпІ щІалэр кьиІагъуу щыІупльэм: «Сыту егъэлеяуэ цІыху лъагъуфафІэ!» - жиІэри, нэху зытримыгъащхьэу и унэ екІуэлІэжащ.

Ещанэ жэщ гуэрми адыгэ Хьисэ хъыджэбзым пэплъэну дей хадэм итІысхьа щхьэкІэ, жейм пэпъэщащэ. Ипэ жэщитІми ещхьу, жьзым кьихьа пщащэм адыгэ Хьисэ Іуриха Іуплъэри, ежьэжьну зигъэхьэзырат, ауэ кьехъуІакъым. Абдеж дыдэм щыт шэшэн Хьисэ кьыпэуври хъуэхъу кьытриІуащ: «Алыхьым цІыхуэ Хьисэ псэгъу ухуищІ». Езым зимыІэжьэу адыгэ Хьисэ кьигъэушщ, пщащэр абы и шыплІэм дигъэтІысхьэри, унэм кІуэжьну ежьэжахэщ.

ГъэгурыкІуэхэр здэжьам нэмысу жэщ кьатохъуэри, ипэрей бгъуэнщІагъым йокІуалІэ. ЩапщащэмрэІурихащ, шэшэн Иса жейм езэгъыркъым. АпщІондэку бгым и мелыІычхэр зэпсалъэу зэхех:

- НакІуэ, Аллэ-Беллэ, - кьыхедзэ Беллас, - илъэсиблкІэ згъэшхауэ зыв зыІудгъэхуэнщ.

- Хьэуэ, Беллас, - жэуап кьрет Аллэ-Беллэ, - сэ бгъуэнщІагъым сыщІэкІ хъунукъым, хьэщІэ сиІэщ.

- Хэт уи хьэщІэр?

- Адыгэ Хьисэрэ абы и къэшэнымрэ, шэшэн Иса я гъусэу, - ирет жэуап Аллэ-Беллэ. - Уэ зэрыжьыпІам хуэдэу хъуащ абыхэм я Іуэхур, иджы сыт кьапэщылъу жьыпІэр?

- ЖысІэнщ, ауэ ар зэхэзыхьу зыІуэтэжым и пкъыр Тхьэм мывэу игъэж! Зыри къащымыщІу шэшэн Иса и унэм нэсынущ уи хьэщІэхэр. Ауэ лэгъунэм щрахьэкІыну япэ жащым и кум адыгэ Хьисэрэ абы и нысащІэмрэ блэщхуэ якІэщІэпщхьэнурэ и шэрэзыр тІуми яхиукІэнущ.

Шэшэн Иса псори зэхихат, ар зыІуэтэжым Беллас зэребгари Іэщ1экІатэкъым. Арати, егупсысын щІидзащ ныбжьэгъумрэ нысащІэмрэ къригъэла зэрыхъунум. И жьэр зэрызэщІихьу мывэу зэрыжьынури кьыгурыІуат. НэхъыфІ игу кьыщымыкІым, шэшэн Иса зыми зыри жримыІэу, щауэмрэ нысащІэмрэ жэщ псокІэ ихъумэну мурад ищІащ, и сэшхуэр сампІэм иримылъхьэу.

Аузрэ жэщыкур къос. Адыгэ Хьисэрэ и нысащІэмрэ жей Іэфым хилъэфа къудейуэ, лэгъунэбжэмкІэ блэшхуэ кьызэрыпщІыр елъагъу къэрэгъуэ щыт шэшэн Иса. Блэр къэкІуэтэжу, кьыкъуэщ и Іыхьэр пигъэхуурэ, шэшэн Иса нэху щыху и сэшхуэр иримыхьэхыу лэгъунэм щІэтащ.

Асыхьэтым Адыгэ Хьисэ кьызэщІоу. Плъэмэ, илъагъур сыт? Шэшэн Иса я гъуэлъыпІэм къыбгъэдэту лэгъунэм щІэтщ. АфІэкІа хэмылъу, адыгэ Хьисэ гурыщхъуэм еубыд. Дей хадэм щитами, шэшэн Исат нысащІэр къэзыгъэувыІар. Абдеж я лэгъунэм щІэтщ. Абы кьигъэлъагъуэркъэ абы я зэхуаку зыгуэр зэрыщІэщыр. ШэшэнИса дерекІуи иregъэпэж, Іуэхур апхуэдэу щыхъуакІэ.

«Гурыщхъуэ къыслуумыщІ, уи щхьэгъусэм сегуэкІауауэ жьпІэу, - занщІэу къыгуроІуэ шэшэн Иса и ныбжьэгъум и гур здэжэр. - Сэ фи лъэгъунэм сыщІыщІэтар фэ тІур фыкъвезгъэлын щхьэкІэщ».

И ныбжьэгъум и гур игъэзэгъэн папщІэ, нэгъуэщІ Іэмал къызыхуэмына шэшэн Иса, бгъуэнщІагъым щызэхиха псори хуеІуэтэж: нысащІэмрэ адыгэ Хьисэрэ загъэпсэхуху езыр зэрымыжяери, бгым и мелыІычхэу Аллэ-Беллэрэ Беллас-рэ зэракІэщІэдэІуэхьари, адыгэ Хьисэрэ и щуІэгъэмрэ къапэщылъ кІуэдыпІэм теухуауэ кьищІари, зыри щІыжимыІам и щхьэусыгъуэри. И хъыбарыр зэрриухыну, шэшэн Иса и пкъыр мывэу мэж.

Адыгэ Хьисэ зэрыщІуар къыгурыІуэжат, ауэ сыт и Іэмалт? Арати, щІалэм жэщыр щраха бгъуэнщІагъым егъэззэж, и ныбжьэгъум цІыхупсэ къызэрыхигъэхьэжыну щІыкІэм теухуауэ мелыІычхэм зэхуагъэхъыбарым едэІуну. Зыхуеинхэрати, адыгэ Хьисэ зэхех Беллас Аллэ-Беллэ и дзэр иригъэлъыну зэрыригъэблагъэр.

- Хьэуэ, сэ бгъуэнщІагъым сыщІэкІ хъунукъым, хьэщІэ сиІэщ, - ет жэуап Аллэ-Беллэ.

- Хэт хъуну уи хьэщІэр? - щІоупщІ Беллас.

- Адыгэ Хьисэ согъэхьэщІ, - ет жэуап Аллэ-Беллэ. - Сыт, Беллас, ар си бгъуэнщІагъым ныбжьщІэкІуар?

- КъыщІэкІуар зи пкъыр мывэу жа шэшэн Иса цІыхупсэ къыхэзыгъэхьэжын Іэмалыр зригъэщІэн щхьэкІэщ, уэрэ сэрэ дытепсэлъыхь хъумэ. Адыгэ Хьисэ и япэ щхьэгъусэм къыщІэнауэ къуэ иІэщ, илъэсий хуэдэу и адэр кьилъыхъуэжу. Абы жэщи жаху щауэ махуэ пщыкІутІ кьыбгъурыту кьекІуэх. ЩІалэ цІыкІум и щхьэ гуэлым пщІащъуэ гуэр исщ. А пщІащъуэр адыгэ Хьисэ и къуэм и щхьэжъущхьэм кьрахьу, и бзэгур щэшэн Иса и щхьэ къыщІущхьэм ирагъэІусэмэ, цІыхупсэ кІыкІуэкІэжьнущ.

Адыгэ Хьисэ зэхихащ мелыІычхэм жаІэр. Арати, и къуэм и лъыхъуакІуэ етІуанэ махуэм ёожьэ. Куэд дэмыкІыу абы къыхуэзащ щІалэ гуэр, щауэ ахъыРзэман пщыкІутІ кьыбгъурыту. Адыгэ Хьисэ и къуэр къицІыхужащ, езы щІалэми къицІыхужащ и адэр. Адыгэ Хьисэ и къуэр и ныбжьэгъу нэхъыфІ дыдэм и унэм иригъэблэгъащ - щэшэн Иса дежь. Гъэзгу здытетым, адэм къуэм хуиІуэтэжащ и псэ емыблэжу и ныбжьэгъум кьыхуищІа псори. Ар мывэ зэрыхъуа щыкІэри, щІэхъуа щхьэусыгъуэри, цІыхупсэ къыІукІэжьын папщІэ зыхуэныкъэри хуиІуэтащ.

- Си ныбжьэгъум папщІэ уи псэр пхуэтыну? - еупщІащ и къэм адыгэ Хьисэ.

ЩІалэр арэзы хъуащ. Арати, адыгэ Хьисэ и къуэм и щхьэр пиупщІщ, и щхьэ къупщхьэм пщІащхьэр кьрихри, абы и бзэгур мывэу жа шэшэн Иса и щхьэ къупщхьэм иригъэІусащ. Шэшэн Иса асыхьэтым цІыху псэууэ къызэфІэувэжащ.

«Хэт и щхьэ къупщхьэ мы си гъэлъэпІэ лъабжьэм щІэлъыр?» - щІэупщІащ асыхьэтым шэшэн Иса. Адыгэ Хьисэ и ныбжьэгъум хуиІуэтэжащ щхьэкъупщхьэр зейри кьыздикІари.

Ар зэрызэхихыу, шэшэн Иса пщІащхъуэр кьыхуахьыну унафэ ищІащ. ПщІащхъуэр кьызэрахьу, кьищтэщ, адыгэ Хьисэ и къуэм и щхьэ къупщхьэм ирилъхьэжщ, щІалэм и щхьэм епщэри, пкъымрэ щхьэмрэ зэриГъэубыдыжащ.

Адыгэ Хьисэ и къуэмрэ и щхьэгъусэмрэ дэщІыгъуу гъэзгу теувэжхэри я деж кІуэжащ, шэшэн Иса и унэм кьыщІэнэжащ. Абы лъандэрэ я зэхуаку дэлъ зэхъуэшыныгъэр йофІакІуэри-йофІакІуэ.

*ЗэзыдзэкІар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

*Сурэтхэр* **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Абы дегъэпІейтей

## Зыми и гугъу пщІыжыркъым

**ЦІыхухэр псэуныгъэкІэ зэщхьэщыкІыу щытащ сыт щыгъуи. Хэбгъэзыхьмэ, совет лъэхъэнэми. Ауэ ар куу мыхъуным властхэр. апхуэдизу тхІийуэ кІэлъыплъырти, уеблэмэ гу лъыптэхъэртэкъым къулейхэм мылъку нэхъыбэ зэраІэм. Нэхъ жыджэру, Іэкіуэлъакіуэу лажьэхэм хэхъуэ нэхъыбэ яІэрыхьэрт, зи Іуэху нэхъ дэмыкІэхэр псэуХІэмышІэу, хуэмыхуу къалъытэрт.**

КЪЭРАЛЫМ и къулеигъэхэм я процент 90-р абы щыпсэухэм я проценти 10 къудейм щаІэщІэлъ мы зэманым зэхуэдэныгъэм утепсэлъыхьыну емыкІу мэхъу. Дэ хуитыныгъэмкІэ псори дыз3хуэдэу къыджаІэ, арщхьэкІэ хэхьныгъэхэм деж Іэ зэрытІэтым къикІыкрым дэ ди зэфІэкІхэр зыуэ. Ильэс къэс къэралым и олигарххэм къахохьуэ мелардырыбжэ зытІущ, зи мылъкр а меларДым нэзыгъэсыну хущІэкъуахэми заубгъу. Ещхьыркъабзэу, хохьуэ зыхэпсэукІын зимыІэхэм я бжыгъэми. Властыр зыІэщІэлъхэм абы теухуауэ жаІэхэри зэтехуэркъым. Къапщтэмэ, УФ-м и Къэзыбж палатэм и унафэщІ Кудрин Алексей жеІэ цІыху мелуан 13-р къулейсызу. Экономикэм зи нэІэ тет министрхэр сыт и лъэныкъуэкІи, дауи, хущІокъу Іуэхухэр нэхъыфІу къыщІрагъэдзыну. Пэжым нэхъ пэгъунэгъуу къыщІэкІынуц Президент Путин Владимир: абы зиумысыжащ цІыху мелуан 18-м щІигъур зыхуэей ямыгъуэту зэрыпсэуМкІэ.

Мыбдежым къыщыхэдгъэбелджылыкІынщи, дунейм теткъым къулейсызхэр здэщымыІэ къэрал. Псалъэм и лъэныкъкІэ, США-м къыщалъытэ американхэм я процент 13-р зэхуэмыщІауэ. Ауэ ди дежрэ абыхэмрэ къулейсызыгъэр къызэрыщапщ пщалъэхэр зэтехуэркъым. Мис а Америкэ дыдэм апхуэдэхэм щыхагъхьэ зи хэхъуэхэр, ди ахъшэхэм ятепщІыхьмэ, сом мин 67-м нэмысхэр. Ди деж ар уэрабжу щынэхъ лъахъшэщ - сом мин 10-р 442-рэ. Штат 3эгуэтхэм апхуэдэ цІыхухэм фонд зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щадоІэныкъу, льготэхэр щрат, жылагъуэ транспорткІэ пщІэншэу къыщрашэкІ, щыгъынхэр пуду къыщыхуащхэу. Ди деж зи хэхъуэхэр а бжыгъэм сомИ 100 къудейкІэ щІигъуахэр заншІэу щыхагъэкІ къулейсызхэм. Зэрыптлъагъущи, икІэри и пэри а тумэни 10-м цІыхур яжегъэхъэ зи щхьэр зыгъэпсэужьфхэм. Дыхьэгъэщ икІи дыхьэшхэнщ...

Абы ещхьыркъабзэу мыпІэІуСщ лэжьапІэншэхэм ират пособиер. Ильэс къэс абы хагъахьуэ властхэм апхуэдизу ф1ЫуэІ ялъагъу мис а сомИ 100-р е абы нэмысипэр. ІэнатІэншэхэм я бжыгъэм теухуауи жаІэхэр апхуэдизу зэщхьэщокІри, пэжыр кІыпхъэщІэнукъым. АрщхьэкІэ, дэ езыхэм ди нэгу щІэкІыпкъэ Іуэхур зэрыщытыр?

Иджы дыдэ «Аргументы и факты» газетым лэжьапІэншэхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым куэдкІэ зэрыщыкнэхьбэм теухуа тхыгъэ кІыртридзауэ. Ауэ, арыншами, дэ ар тщІэрт: КИФЩІ-р экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм и адрей щІыналъэ псоми хуабжу къащыкІэрыукІэ, абы щыпсэу куэдыр зэрыІэнатІэншэр хэт и дежкІи гурыІуэгъуэщ.

ІэщІагъэлІэм абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэу къалъытэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я бжыгъэм псынщІэу зэрыхэхъуэр, етІуанэрауэ, щытыкІэр къыщызэщІэплъэным щышынэ инвесторкэм щыналъэм и экономикэм щІагъуэу мылъку зэрыхамылъхьэр. Аргуэрыжьщи, сабий нэхъыбэ къыщалъхур Дагъыстэныгъэ Шэшэныгъэ я закъуэщ. КъыщынэмыщІауэ, сыт инвесторхэр къыщІалъэхъуэн хуейр? Езы къэралыр дэнэ здэщыІэр?

Мэзкуу къыщыдэкІ газетхэм ІэщІагъэлІхэм къытрырагъадзэ тхыгъэхэм дэ дыкъыщоджэ УФ-м и бюджетыр ахъшэм къыззгуитхъыу. Ильэс къэс къамыгъэсэбэпу къэнэ сом триллиони 2 хуэдизу. Ар зи фІыгъэр бюджетым и хэхъуэрэр хэщІхэм нэхъ р нэхъыбэу абы и проектыр зэрызэхалъхьэрщ. Иджыпсту псори зэхэту сом триллион 11 хуэдизу щылъу жаІэ. АтІэ абы щыщ ахъшэ Кавказ Ищхъэрэми, адрей щІыналъэхэми хуаутІыпщ хъунукъэ? ЛэжапІэщІэхэр къызэІуахьи, псэуалъэ инхэр, гъуэгурэр яухуэн, ІэнатІэхэм зрагъэужьын папщІэ? Мис итІанэ цІыхухэм я мызакъуэу, щІыналъэхэри псэукІэкІи зыужьыныгъэкІи апхуэдизу нэм къыщІэуэу зэщхьэщыкІынтэкъым.

Президент Путин Владимир захуагъэ хэлъу жиІауэ щытащ экономикэр зэтІэтын папщІэ лжьапІэщІэхэу мелуан 25-рэ къызэрагъэпэщын хуейуэ. Абы хуабжу дыщыгуфІыкІат, ауэ тІъагъуркъым а къалэнмр ягъэзэщІэнымкІэ властхэм ящыІэ. Хэбгъэзэхьмэ, зыщхьэдагъэІуха хуэдэщ: зыми и гугъу ищІыжыркъым...

● КъэхъукъащІэхэр

## МафІэм ес, псы къащІоуэ

**Урысейм щытыкІэ телъыджэ щызэфІэуващ - язныкъуэ щІыпІэхэм я мэзхэр мафІэм ес, адрей щІыпІэхэм щыпсэухэм псы ящІоуэ. Пэжу, апхуэдэ я щІыпэльагъукъым...**

АУЭ ИДЖЫРЕЙР агъэлеящ. Тхьэмахуэ ещанэ хъуауэ Іугъуэм егъэгуэзвэ Красноярск къалэм щыпсэуэхэр. Зэрыщытку къапщтэмэ, мафІэ къащІэнащ КъуэкІыпІэ Сыбырыи и мэзхэм ящыщу гектар мелуан 1,5-м. Новосибирск, Омск, Томск областхэм, Алтайм, Пермь крайм, Кузбассым щыпсэухэм япэщІыкІэ, Свердлов областым, Челябинск къалэм и нэхъ иужьыІуэкІэ Іугъуэр ялъэІэсащ.

ЗэрыгурыІуэгъуащи, мафІэсхэм япэщІэтщ ар зи къалэнхэр. Ауэ япэльащэ? Псалъэм и хьэтыркІэ, зы махуэ закъуэм Краснярск крайм щагъэункІыфІащ гектар мин 13-рэ 422-рэ. АрщхьэкІэ мафІэм зэщІищта гектар мелуаным епльытмэ, ар мащІэІуэщ. Къару нэхъыбэ екъэлэн зэрыхуейр белджылыщ. Абы щыгъуэми, крайр Сыбырым щынэхъ къулей дыдэ щыналъэщ.

2003 гъэм Урысейм мафІэм щисащ тайгам щыщ гектар мелуан 15,5-рэ, 2012 гъэм - мелуан 17,6-рэ. 2012 гъэм - мелуан 14,6-рэ. Мы гъэм абы мэз нэхъыбэ ихьынкІэ шынагъуэ щыІэщ.

ЩІыпІэ къуейщІейхэм, узыльэІэсыну гугъуэхэм мафІэр щагъэункІыфыхэркъым. АтІэ къалэхэм япэжыжьэ жылагъуэхэм щыпсэухэр дауэ хъурэ?

Псори уэшхым попльэ. Сыт щыгъуи хуэдэу, аращ къэхъукъащІэ шынагъуэм кІэ езытынр. АрщхьэкІэ мис а уэшх дыдэм и эрранкІэ бэлыхь хэхуахэри щыІэщ.

Псоми дощІэж псыдзэхэм я эрранкІэ Иркутск областым иджыблагъэ къыщыхьуахэр. Иджы щынальэр аргуэру шынагъуэ попльэ. Жэщ-махуэ зыбжанэкІэ районы 6-м щыуэлбэнащ. ЦІыху минхэр ирагъэІэпхъуэкІын хуей хъуащ щыпсэу щІыпІэхэм. Псом хуэмыдэу Тулунэ. Иджы насыпыншагъэм пэмыпльэу езыхэм щІыпІэр ябгынэ, нэхъапэм хуабжу зралъэфыхьырт.

ІэщІагъэлІ Миндрулёв Яков къызэриІуэтэжымкІэ, абы щыгъуэм цІыхухэр къуэдрэ къагъэдэІуэн хуей хьурт:

- ЦІыхухэр залымыгъэкІэ унащхьэхэм кърахьэхырт: Іэпхъуэн ядэртэкъым. Абыхэм яхэтт сабийхэр зыщІыгъу адэ-анэхэри. Иджы щытыкІэр нэгъуэщІщ.

ЦІыхухэр дагъэІэпхъуКІ Байкальск къалэми. Мыбы Іуэхур нэхъ хэпльэгъуэ щецІ тхьилъмпІэ комбинату щытам и кІэрыхубжьэрыхухэр зэрыщыщІэтІам. АрщхьэкІэ областым щІыуэпсымрэ экономикэмкІэ и министр Крючков Андрей и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, щынагъуэ щыІэкъым.

МЧС-м и лэжьакІуэхэр иджы нэхъ зытегущэвыхьыр Хабаровск крайщ. Мыбы хытІыгу зыбжанэ псым щыщІилъэфэнкІэ хъунущ. ЩыщхьэуІуи и 10 - 12-хэм Комсомольск къалэр гъэунэхунытэ гугъу хэхуэнущ.

ІэщІагъэлІхэм къагъэгугъэ псыдзэм нэщІэбжьэ къыхэмыкІыну.

КІэщІу жыпІэмэ, гъэмахуэ гугъущ къегъэлакІуэхэми цІыху къызэрыгуэкІхэми я деж.кІэ. Абы ущегупсискІэ уигу къэмыкІынкІи Іэмал иІэкъым: шынагъуэр щІынальэхэм щхьэщахьи папщІэ абыхэм я кІулеигъэхэм хэтхьыкІ олигарххэм, абыхэм зэкІэ я мылъкуКІэ ятепщІэмыхьэ нэгъуэщІхэм сыт ялажьыр? Газетхэр щыхьэт тохъуэ: зыри. Мызэ-мытІу белджылы зэрыхъуащи, абыхэм я плъапІэр щІым къыщІаш, къыщІах фІыгъуэхэщ, щІыпІэм щыпсэухэр хэкІуадэми ядэ икІи зы сомкІи зыми зыщІагъэхъуэнукъым: я къалэну къалъытэркъым...

● Футбол

## Черкесск къикІахэм текІуэныгъэр яхь

*«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Интер» (Черкесск) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. УФ-м и Кубокым и финалым и 1/64-нэ Іыхьэ. ЩыщхьэуІум и 5-м. ЦІыху 200 епльащ.*

**Судьяхэр**: Васильченкэ (Мейкъуапэ), Къуэшыкъуэ (Белороченск), Городовой (Ставрополь).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Сындыку (КІэдыкІуей 76), Ольмезов, Запалацкий, Бунаков (Машэжь, 68), Стригэ (Белоусов, 33), Салахетдинов, Шаваев, Іещын (Дэхэу, 77), Талабкэ (Бащэ, 46), Апажэ.

«**Интер**»: Байчоров, КІыщ, Далиев Дауд, Лазарев, Тюфяков, Сысуев (Митренкэ, 16), Далиев Дени (Джэрыджэ, 90), Гагитэ, Стуканов (Ушэ, 88), Кучиев (Абыдокъуэ, 60, Абдокъуэ, 90), Стобовой.

**Топыр дигьэкІащ**: Стобовой, 25 - пенальтикІэ (0:1).

**Дагъуэ къыхуащІащ**: Шаваевым. Белоусовым, Ольмезовым, Гагитэ.

ИУЖЬ ИЛЪЭС зыбжанэм ямыІауэ Къэрэшей-Шэрджэсым мазитІ ипэкІэ къыщІэзэрагъэпэщыжа футбол командэр мы мазэм и гъэм Налшык къызэрыкІуэнур гуапэ тщІыхьат. «Спартак-Налшыкымрэ» абырэ зэришэлІат Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр хэхьным теухуауэ 2019 - 2020 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/64-нэ Іыхьэм. Нэхъапэ Іуэхэр Черкесск и «Интер»-м зэкІэлъхьэжьыу мы зэпеуэм щыхигъэщІат «Динамо-Ставрополь»-мрэ (4:2-уэ) Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-рэ (1:0-у). Налшыкдэсхэр Владикавказ щефІэкІат абы и «Спартак»-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъалащхьэм блыщхьэм щекІуэкІа зэІуцІэхэм щытекІуэм Іэмал иІэнут япэ дивизионым, абыи ефІэкІмэ, премьер-лигэм я командхэр иужькІэ къригъэблэгъэну икІи къыдэщІхэм а гуп лъэщхэм я зэфІэкІхэр иригъэлъагъуну.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, «Спартак-Налшыкым» абыхэм дахигъэкІыжащ, Черкесск и «Интер»-р 0:1-уэ зытрагъакІуэри. Топ закъуэхэр хьэщІэхэм къыдагъэкІащ ди гъуащхьэхъумэхэм футбол хабзэр я гъуэм пэгъунэгъуу къызэпауду, пенальти къеуа иужькІэ. Ар къыщыхъуар джэгум и тІощІрэ етхуанэ дакъикъэращ.

ЗэІущІэр иухьиным иджыри сыхьэтым щІигъу къэнэжатэми, налшыкдэсхэм бжыгъэм зрагъэхъуэжьфакъым. Абы къыхэкІыу, Черкесск и «Интер»-р къэралым и кубокыр къэхьным теухуа зэхьэзэхуэм адэкІэ щыкІуэтащ икІи финалым и 1/32-нэ Іыхьэм щыІущІэнущ иджыпсту япэ дивизионым щыджэгу Песчанокопскэ къуажэм и «Чайка»-р. «Спартак-Налшыкыр» зэпеуэм къыхэкІащ.

- Махуиплі ипэкІэ Новороссийск зэІущІэ гугъу зэрыщедгъэкІуэкІам икІи дыкъыщыкІуэжьым сыхьэт пщыкІутІкІэ гъуэгу дызэрытетам къыхэкІыу, нобэ нэхъыбэу дгъэджэгуар нэхъапэм апхуэдэ Іэмал куэдрэ зимыІахэращ, - жиІащ зэІуцІэ нэужьым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Трубицин Сергей. - ДыкъэхъагъэщІами, зэдгъэпэзэгъауэ ди щІалэщІэхэм я зэфІэкІыр здынэсыр. Езыхэми зыхащІащ гуп нэхъыщхьэм уэхту уджэгуныр зищІысыр икІи сэбэп дяпэкІэ къахуэхъуну къысщоувэ.

Кавказ Ищхъэрэм щыщу етІуанэ дивизионым хэт командхэм я цІэкІэ Урысей Федерацэм и кубокым, Черкесск и «Интер»-м къищынэмыщІауэ, адэкІэ щыщІэбэнынущ «Алания»-мрэ «Черноморец»-мрэ. Блыщхьэ кІуам владикавказдэсхэм я стадионым 4:1-уэ щыхагъэщІащ Астрахань и «Волгарь»-р, новороссийскдэсхэр 4:2-уэ ефІэкІащ Прогрессым къикІа «Биолог-Новокубанск»-м. ЩыщхьэуІум и 21-м абыхэм зэрызэкІэлъыкІуэу Краснодар-Іэ и «Волгоград и «Ротор»-мрэ «Армавир»-мрэ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ зи чэзу джэгуГуэрэр мэрем къакІуэ, щыщхьэуІум и 9-м, зэхэтыщ. А махуэм ди щІалэхэр Налшык щыІуущІэнущ «Краснодар-3»-м.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

● Къалъыхъуэ

## Хъыбар гуэр фщІэмэ

**Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ и Управленэм и къудамэм къелъыхъуэ хъыбарыншэу кІуэда Мунапов Шахрэмэзан Гусейн и къуэр, 1943 гъэм къалъхуар. 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м сыхьэт 01.30-м ар къыщІэкІащ Налшык къалэ и Безенгийскэ уэрамым тет и унэ №11-м икІи нобэр къыздэсым здэщыІэр ящІэркъым.**

**И тепльэр**: ильэс 75-рэ ептынщ, сэ 180-рэ и лъагагъщ, зэІэщІэлъщ, и щхьэцыр тхъуащ, щІэщащ, нащхъуэщ, пащІэ тетщ.

**Щыгъэр**: футболкэ сырыху-кусэ Іэщхьэ кІыхь, спорт гъуэншэдж щІыхь, кІэлощ.

Къалъыхъуэр психоневрологие диспансерым и учётым щытщ, щыгъупщэжщ.

Мунапов Шахрэмэзан Гусейн и къуэм и хэщІапІэр зэхэгъэкІынымкІэ сабэп хъуну хъыбар гуэр фщІэмэ, дыныволъэІу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкІэ: 8 (8662) 49-56-99, 49-56-27, 49-56-61, 02 е полицэм и ІэнатІэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэвгъэзэну.

***КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● Гъэщ1эгъуэнщ

## Марсыр я плъапІэу

### Дапщэщ цІыхухэр абы щыІэпхъуэнур?

**ЦІыхухэм дунейр къеззвэкІ хъуащ. Ахэр дыкъэзыуХъуреихь хъэршым хоплъэ щхьэгъэзэпІэ къалъыхъуэу. Сыт щхьэкІэ?**

АР ЗЭПЪЫТАР цІыху бжыгъэм зэпымыуэз зэрыхэхъуэм и закъуэкъым. Къызэриухуэрэ шынагъуэ щыІащ икІи иджыри щыІэщ дунейр къутэжынкІэ. Щ1ым астероид абрагъуэ къытехуэнкІэ, вулканхэм къибыргъуКІыу щыщІадзэнкІэ, укъызэмыпльну уэ зэрыщІлэхэр къыщыхъеинкІэ, къаруушхуэ зиІэ псыдзэхэр къыщиункІэ хъунущ. Абы хэлъхьэ атом Іэщэ лъэщхэр зиІэ къэралхэр зэрызэхуэткІийр. Аращи, апхуэдэ насыпыншагъэм и ужькІэ къыззтенэ цІыхухэр щетІысэхын планетэ къалъыхъуэн хуейщ.

ЩІы хэуэрхэм зэрызэ цивилизацэхэр лъэхъэнэкІэрэ къэхъу-кІуэдыжу къьеІуэкІаУэ хуагъэфащэ. Апхуэдэу жызыІэри шыпсэхэр зыІуэтэну зыфІэфІэхэркъым, атІэ еджагъэшхуэхэрщ. Нэгъабэ дунейм ехьжа Хокинг Стивен ауэ сытми къыхуриджакъым ди планетэр Іэмал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу ябгынэну. Ауэ дэнэ дыздэкІуэнур? А упщІэм и жэуапыр къэгъуэтын папщІэщ Маззмрэ Марсымрэ къэгъэІурыщІэным теухуа программкэр зэралышхуэхэм я унафэщІхэм къыщыщдахыжар.

АрщхьэкІэ цІыху зыбгъупущІ щылажьэ щІэныгъэхуТэ базэ къыхэІуахымрэ цІыху мин, е, уеблэмэ минипщІ щыпсэуну жылагъуэ ибгъэтІысыкІынымрэ зыкъым. Дауи, псом япэу апхуэдэ планетэм къыщызэгъэпэщІапхъэщ щыпсэухэр щыпсэунымкІэ Іэмалхэр. ЩІыпІагъэ-хуабагъэ я лъэныкъуэкІэ, нэгъуэщІ Іэджэкіи.

АтІэ сыт хуэдэра дэ нэхъ къыдззэгъыну? Дауи, пщтырагъыр градус 460-м щынэс Венерэркъым, щыуэпс къулеигъэхэр щымащІэ дыдэ Маззэркъым, газу зэхэт Юпитеркъым - абы узытеувэн щыІэхэхэкъым. ЦІыхум нэхъ къеззгъынур Марсым и закъуэщ. ЩІым хуэдэ дыдэ мыхъуми, ар ящІыфынущ цІыхухэр щыпсэуфын.

### Сыт еджагъэшхуэхэр дэзыхьэхыр?

Япэрауэ, абы псы щыІэщ, мыл зэхэжьыхьауэ щытми. ЕтІуанэрауэ, планетэм и гравитацэм (ЩІым ейм и Іыхьэ щанэ) ирикъунущ уафэгур иЫгъын икІи цІыхухэр щылажьэн папщІэ. Ещанэрауэ, Марсым дыгъэ бзийуэ топсэ ЩІым къыпльэІэсым и процент 43-м хуэдиз. Абы Іэмал къет и атмосферэр къагъэхуэбэну, псыр ткІуатКІуэ ящІыну. Мыхьэнэшхуэ иІэщ Дыгъэм и хъуреягъэр къызэрикІыхь зэманым и кІыхьагъэр щІагъуэу зэрызэщхьащхьІми (Марсым - сихьэт 24-рэ дакъикъэ 37-рэ, ЩІым - сихьэт 23-рэ дакъикъэ 56-рэ).

Псом нэхърэ нэхъ гугъур ди гъунэгъу планетэм малъхьэдис губгъуэ жыхуаІэр зэримыІэрщ. Абы и зэранкІэ дэтхэнэ псэущхьэри Дыгъэм и ультрафиолет нурым игъэпІэнкІэ шынагъуэщ. АрщхьэкІэ, сыт хуэдэу щымытами, ари гъащІэм къезэгъ яхуэщІынущ. НАСА-м ягъэхьэзыр проект гъэщІэгъуэн. Абы къыхьелъхьэ километр 250-м нэс къызэщІэзыубыдэ гъуджэ абрагъуэхэр хъэршым щыхагъэщІну. Абыхэм ядэ дыгъэ бзийжэр зытепсэ Марсым и мыл «пыІэ хужьхэр» ткІунущ, езыхэм яІыгъ углекислэ газыр хуит къэхъужьнущ. Апхуэдэу атмосферэр Іув хъун папщІэ, бахьэу дэкІуей газэхэр щагъэхьэзыр фабрикэхэр яухуэнми йогупсыс.

Калифорние университетым и профессор Берлинер Аэронрэ НАСА-м и ІэщІагъэлІ Маккей Юрисрэ ятх: «Марсыр къэгъэІурыщІэным теухуа Іуэхур Іыхьитіу бгуэш хъунущ: къэгъэхуэбэнымрэ псэущхьэхэр зэрыбгъэну хьэуэкІэ ирикъуу къызэгъэпэщынымрэ. Планетэм и хуабагъыр ЩІым ику иту иІыгъ градус 15-м гугъущэ демыхьу илъэси 100-м къриубыдэу нагъэсыфынущ, ауэ тынщ узэрыбзуэфыну хьэуа къоэытыным атмосферэр зэтехуэным илъэс мини 100 текІуэдэнущ, мы Іуэхур щІэзыгъэпсынщІэ технологиехэр къамыгупсысмэ».

Зэрыгурыуэгъуэщи, ар зэманкІыхьыІуэщ. ЦІыхухэр зыщыгугъ хъунуди мы Іуэхур зэрыщІигъэпсынщІэн Іэмалхэр къигупсысынырщ.

### Хьэршым узышэ гъуэгу

Еджагъэшхуэхэм хьахуТакІэщ ди гъунэгъу планетэм и щхьэфэм кІэрТІоф, бжьын, помидор хуэдэ къэкІыгъэхэр къызэрыщагъэкІыфынур. И щхьэфэм щыщ дауэ къаІэрыхьа, иджыри къэс Марсым нэсу къэзыгъэзэжа Іэмэпсымэ цІыхухэм ямыІэмэ? Абы и жэуапыр къызэрыгуэкІщ: Марсым къикІыу ЩІым къытехуа метеоритхэр къагъэсэбэпащ, ягъащІабэри. Телъыджж къэхъуащ: а къэкІыгъэхэр ди гъунэгъу планетэм нэхъ бэв щыхъуу къыщІэкІащ, ди деж нэхъ р э.

Къэхутэныгъэхэм хэкъуэзауэ ящ ижьмэ, нэхъ телъыджжэхэри къыкъуэкІыну къыщІэкІынущ.

Мы зэманым загъэхьэзыр япэ цІыхухэр Марсым ягъэлъэтэну. ЩІым къэзыхьэсыжыну Іэмэпсымэ иящІыну, астронавтхэм ЩІым къатъэзэжынукъым. Ауэ, гъэщІагъуэнраци, абы къызэтригъэувыІэркъым куэдыр: цІыху минхэр хьэзырщ гъуэгу дзыхьщІыгъуэджэ дыдэм техьэну. Дауи, кІыхахынур зи узынщагъэмрэ щІэныгъэмрэ махуэ щиткІэ кхъухьым ису километр мелуанхэр зэпачыным нэхъ хуэщІахэрщ.

● Къэрал Думэ

## Быф Анатолий и жэрдэм

**Иджыблагъэ Урысейм и Ищхьэ палатэм япэ еджэгъуэкІэ къыщІатащ «ЩІыхьэм я мелиорацэм и Іуэхуэ1кІэ» Законым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр. Хуабжу ди гуапэщ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий и унафэм щІэту зэрагъэхьэзырар.**

АТІЭ СЫТ хуэдэ а зэхъуэкІыныгъэхэр?

Ди лъахэгъуэм и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм хабзэ и лъэныкъуэкІэ зэтес ящІынущ гъавэ щІапІэхэм я зэхуакуэм мэз кусэхэр зэрыщІыхасэ икІи зэрыщІызэрахьэ щІыкІэр, апхуэдэу Іэмал къатынущ бэвагъэм зыкъомкІэ хагъэхъуэнымкІи. - ЩІэныгъэм игъэбелджылащ мэз кусэхэр здэщІым дуней щытыкІэр зэрыщІынэгъэщІыр икІи ар къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я дежкІэ нэхъ къыззрезэгъыр,- жеІэ Быф Анатолий. - Гъавэм и бзвагъым щыхохьуэ, жьым и къарур щыщІех, хьэуам псыІагъэ нэхъыбэ щыхэтщ. ФІагъ и лъэныкъуэкІи апхуэдэ дыдэщ. Жьым щІыр щипхъэх, сабэм щыззщІитщтэ щІыпІэхэм мэз кусэхэм я сэбэпкІэ къэкІыгъэхэр хуэдитІхуэздипліКІэ нэхъ къыщІэзэтонэ.

Проектыр зи Іэдакъэщ1экІым шэч къытрихьэркъым мэз щІыкІухэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ ятекІуэдэр мэкъумэщІыщІэхэм псынщІэ дыдэу зэрагъэІэрыхьэжьнум. Абы къызэрибжамкІэ, агромелиорацэм халъхьа дэтхэнэ зы сом минми мыгувэу хуэдэ 1,5 - 2-кІэ нэхъыбэ къатыжынущ.

Зэрытпъагъущи, Быфым кІэІэта Іуэхум мыхьэнэ ин дыдэ иІэщ гъавэ щащІэ щыналъэ псоми я дежкІэ. Мэз кусэхэр зэрагъэмэщІам и эрранкІэ щІыпІэ куэдым щІыр жьым щипхъэхащ. А щыщІэныгъэр ягъэзэкІуэжьыфынущ ахэр зэфІагъэувэжьным егъэщІылІа Іуэхуэхэр хабзэм ирагъэзагъэмэ.

Лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІын хуейщ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и нэІэ тету.

*«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Къралхэр



### Бахърейным и щапхъэ

**Бахърейныр Ищхъэрэ Азием хиубыдэ Перс псы дэжьыпІэм тет хыпІыгу зэмылІэужьыгъуэ 33-м тес къэралщ. Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэм километр 55-рэ и кІыхьагъщ, километр 18 и бгъуагъщ. Бахърейным цІыху мелуан 1,3-рэ щопсэу, я нэхъыбэр хъэрыпу.**

**И щІыналъэр цІыкІуми, къэралыр дуней псом щыщІэрыІуэщ. Хъыбарыжьхэм къаззрыхэщымкІэ, мы щІыпІэм щыпсэуащ «Жэщ 1001-рэ» таурыхьэм я лІыхъжь цІэрыІуэ Синдбад.**

**Къэралыр нэхъыбэу зыхэпсэукІыр щІыдагъэм къыщІихырщ. Мы щІыпІэм щыпсэуащ 2 мелуанрэ ящІыжьащ промышленностым. А псом къадэкІуэуи, Бахърейным зыщалпъыхьыну макІуэ нэгъуэщІ къэралхэм щыщ цІыху куэд.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ. Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.064
Заказ №713